# *Nzira YeMuporofita Wechokwadi*

Maita henyu, Hama Borders. Ngatingorambei takamira patiri kunamata. Handizivi kana paine ane chikumbiro manheru ano, ungasimudza maoko ako woti, "Ishe, ndini"? Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

2 Baba vedu Vekudenga, patinonzwa rwiyo irworwo, "Ishe, ndinotenda," tinogona kufunga nezve—nezvenguva idzo, pasi rose, ndakarwunzwa mumitauro yakawanda zvikuru, "Ishe, ndinotenda." *Tenda Chete*. Uye, Baba, tinonamata kuti rwugopfuura kuva rwiyo kwatiri manheru ano uye rwugove mazvirokwazvo. Dai tikava nokutenda kukuru maMuri manheru ano.

3 Uye zvino tinonamatira chechi diki ino, mufundzi wayo, Hama yedu Fuller, muranda weNyu, hama yatine chivimbo mairi. Uye tinonamatira mhuri yavo, vashandi vavo pano, madhikoni, matirastii, navose vanopinda mumasuwo akatsveneswa aya. Tinonamata, Ishe, igare iri imba yechiedza yaJesu Kristu.

4 Ropafadzai hama dzose dzinoshumira dziri pano manheru ano, avo vanopinda nokubuda nesu, munzira yose. Tinonamata, Baba, kuti Muvaropafadze zvakanyanya.

5 Uye tinokumbira, manheru ano, kumwezve kudururwa kweHupo hweNyu pamusoro pedu. Tine zvatinoshaiwa, Ishe. Tinoda iMi. Tinogara tichishaiwa nekuti tiri pano panzvimbo yehondo, Ishe, apo panofanira kuitwa sarudzo. Uye tinonamata, Baba, kuti Mucharamba muchitikurudzira neHupo hweNyu. Zvinoita zvakakawanda kwazvo kwatiri, kuziva kuti Munesu. IngoZviratidzai kuti muripo, Ishe, zvino zvinotikurudzira kuti tienderere mberi. Podzai vanorwara nevanotambudzika. Ponesai vakarasika. Kurudzirai vakaodzwa mwoyo. Zviwanirei mbiri pacheNyu. Tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

Mungagare henyu pasi.

6 Ndinotenda kuti aiva Dhavhidhi akati, "Ndakafara pavakanditi, 'Handei muimba yaJehovha.'"

7 Billy ati, nguva shoma yapfuura, ati, "Hamusi kuita semava kuneta here, baba?"

8 Ndikati, "Hongu. Ndange ndakaneta hupenyu hwangu hwese." Zvakasvika pekuti ndatozvijaira.

9 Ndatanga kufunga, "Zvinoka, ndava kunyanya kuchembera. Ndinofanira kumboti dzorei zvishoma." Zvino mumwe munhu

akauya, angangoita makore 80 kana 90, achingopisa nyika, potse wezera rangu rakapetwa kaviri, munoziva. Ndakafunga kuti, "Ini zvangu! Ndinozvinyarira."

10 Zasi kutabhenakeri kumba, kune mhuri diki yakwegura vane zita rekuti Kidd, vanobva zasi uko kuOhio. Zvino, vari vaviri vari, vakatosvika, kuma 85 kana 88. Uye vachembera kwazvo zvekuti havachakwanisa kupinda mumachechi zvakanyanya, nokuda kwavo . . . Havachina inzwi rakakwana. Asi munoziva zvavanoita? Kuda tepi yese . . . Mudzimai mudiki achembera uyu akachengeta mari yake ndokutenga tepi rekodha. Zvino saka anotora tepi. Ndinomutumira matepi. Zvino anotora matepi aya, uye oenda kuzvipatara, kwese kwaanogona kuisa tepi rekodha iyi, ivo nemurume wake mudiki akwegura, vachiridza matepi iwayo. Zvino ndinobva ndamutumira chinjumba chakakura che—chemachira akanamatirwa andakanamatira. Uye pano neapo, "Hama Willy, ndapererwa nemachira akanamatirwa zvakare." Uye manje pandinovaona, vaiuya muchechi, bvudzi jena diki, shawero duku; uye murume, kamuchinda kadiki kwazvo.

Makore angaita 4 kana 5 akapfuura, pandakanga ndiri . . .

11 Nderipi zita renzvimbo iya muOhio, mavanoitira konivhenisheni iya gore negore? Vanoidaidza kuti Chautauqua. Asi ndakanganwa zvino. Iri panhandare ipapo. Asi zi—zita reguta rinonzi chii, handisi kukwanisa kurifunga. [Imwe hama inoti, "Franklin." Imwe hanzvadzi inoti, "Miami, kuMiddletown."—Mupepeti] Zvino, iri, mava pedyo chaipo zvino. Mumwe munhu ati tinopfuura nemuMiami. [Hama inotizve, "Franklin."] Zvino iri pedyo neFranklin. Hongu. Ndizvozvo. Mukati chaimo . . . Ndinotenda kuti iri pakati peFranklin . . . [Hama mbiri dzinoti, "Middletown."] Middletown. Ndiyoyo. Ndizvozvo. Saka, ndizvozvo, Middletown, zasi kurwizi, saka panhandare yemuChautauqua imomo. Ndiyo nzvimbo huru yebasketball, yezvemitambo ipapo.

12 Zvino hama iyi, oo, ndakavaziva kwemakore, uye Hama Kidd vadiki vakwegura vari, oo, ndinofungidzira kuti vakanga vava nemakore 80 pavakavatora, uye vanachiremba vakaona kuti prostate yavo yakanga yava muchinhano chekenza. Zvino bundu iri rakangovaputira. Zvino, vakati raifanira kuitwa oparesheni. Saka pavakavavhura, "Manjeka, hapana chikonzero chekuita oparesheni. Vave muchinhano chakaipisisa." Maona? Vakati, "Hapana nzira yekuzviita nayo, zvachose." Zvino, vakaunza muchinda mudiki kumba. Uye, oparesheni yacho, yakaoma pamurume ane makore 80 okuberekwa. Uye vaingorema chete angaita, oo, ndinofungidzira, asingasviki mapaundi 100.

13 Saka, Mai Kidd vakafona, zasiko. Ndakanga ndichangouya kumba kubva kumwewo. Hama Kidd vakanga vava kufa. Uye

vakati, “Vanoda kukuonai, Hama Branham, musati. . . vasati vaenda.” Zvino, Billy neni takabva tatora nzira yokudzokera. Takawana sho—shoko, humwe husiku, nguva dzingaita 10 o'clock. Takatanga, mangwanani akatevera, kungaita kuma 4. Nokuti, masikati zuva raitevera, ndaifanira kuenda zvakare. Zvino takapotsa tabvarura mavhiri kubva pamota yedu, tichienda kumusoro ikoko.

14 Muchinda mudiki akwegura, vakavamutsa pandakasvikako. Zvino vakanga vane kashauro pamafudzi avo, vagere ipapo satateguru vakare. Zvakangoita chimwe chinhu kwandiri. Zvino pandakaenda kunovatarisa, vakatarisa.

15 Paiva nemumwe mudzimai achembera aive akagara ipapo, akanga ari mumwe wenhengo dzechechi yavo kubvira pavaiparidza mumakomo, nyika yemarasha muKentucky, kwavaiwacha vachiwana 15 senzi pazuva, kuti vatumire murume wavo kuminda kunoparidza Evhangeri. Iwayo akanga ari angaita makore 10 ndisati ndaberekwa; vachiparidza Mharidzo! Zvino vakatarisa kumusoro, ndokuvadana kuti “ambuya,” uye ivo vaine makore 80. Zvino vakanga vapfuura 90. Zvino saka vakati, “Ambuya, munotaridzika kuchena semazaya echando.”

16 Ndakafunga kuti, “Ndiyo nzira yokuti mushumiri atarise kune vamwe veungano yake, akarara, akagarapo, achifa. ‘Ambuya, munotaridzika kuchena semazaya echando.’” Hongu.

Zvino vakatarisa kumashure. Vakati, “Hama Branham?”

Ndikati, “Hongu, Hama Kidd?”

17 Vakati, “Zvino, ndinofungidzira kuti hapangave nenguva refu kusvika Vatumira pasi ngoro yangu yemabhiza.” Vakati, “Ndiri kukwira kumusoro, mangwanani ano.”

18 Ini ndikati, “Zvakanaka kwazvo, Hama Kidd.” Ndikati, “Ndiyo nzira yekunzwa nayo.”

19 Uye Hanzvadzi Kidd vadiki vachembera, vangani vanovaziva, muno? Hongu. Ndinoziva, oo, vazhinji venyu munovaziva. Saka vakati. . . Vakati, “Asi, Hama Willy, hamufungi here kuti Mwari vanogona kupodza baba zvino?”

Ndikati, “Chokwadi, Vanogona.”

20 Uye vakati, “Zvakanaka, kubwinya kuna Mwari!” Vakati, “Kana Vachida kundipodza,” vakati, “nda—ndagadzirira kushanda zvakare.”

Ndakafunga kuti, “Makore 80 ekuberekwa!”

Ndakatanga kupfugama. Hapo pakauya chiratidzo. Nyaya yacho ikabva yagadziriswa.

21 Kwapera mazuva 2, vakavadzosera kuchipatara. Vanakomana vavo vaive mapurisa imomo muguta. Havana kuzvinzwisisa. Vakadzokera navo kuna chiremba. Chiremba

ndokukwenya musoro wake, akati, "Vakomana, hapana kana kadodzi zvako kandinogona kuwana chero papi zvapo, zvino, ndiudzei nyaya yenyu." Ndokubva vaita sevachawondomotsera pasi chipatara. Vakadzoka vaine tepi rekodha yavo, hevanoi ndokuuya, vachiridza Mharidzo. Zvino vanogara ikoko ku . . . Uye ipapo chaipo pedyo neChautauqua uye ipapo.

22 Zvino, pandakangotanga *Zvisimbiso Zvinomwe*, sezvatakaita *Mazera Manomwe EKereke*, vakandifonera humwe husiku, vakati, "Zvino, mudikani, dai ndanga ndiine mari," vakati, "Zvechokwadi ndingada kudzika ikoko."

23 Ndikati, "Kanganwai nezvazvo, Mai Kidd. Nzvimbo yenyu—yenyu yakamirira. Imi nababa huyai zvenyu kuno."

Vakati, "Mwoyo wako muduku ngauropafadzwe!"

24 Uye zvinongondiita kuti ndinzwe zvakanaka chaizvo, munoziva, nokuti vanondikurudzira. Pamakore 85 kana 86 okuberekwa, uye vachiri kupfuurira mberi. Zvino ini, ndichinyunyuta pano, pa 53. Saka, ini zvangu, zvinokuita kuti unzwe kuda kushinga.

25 Zvino, tine zvakawanda zvekutaura nezvazvo, uye muri boka rakanaka kwazvo rekutaura naro, handiti, taigona kungogara pano hafu yehusiku.

26 Asi munofanira kuenda kuSunday school mangwanani zvino. Zvino, munofanira kuva nechokwadi chekuzviita. Uye rangarirai, ndagara ndichiti, chivi zvemazvirokwazvo kutumira vana venyu kuSunday school. Musambofa makaita izvozvo. Zvakaipa. Endai navo, nguva dzose. Maona? Garai muchienda navo. Iye . . . Uye saka, zvino, ndiwo ari mangwanani.

27 Saka, zvino, kana uchifanira kuti urovhe kubasa, kuti unzwe, kuti uve nesu nekunamata nesu, nezvimwe zvakadaro, wakafanira kuti urovhe kubasa, izvozvo zvakanaka. Ingoenderera mberi nekurovha kubasa, asi usarovha kuchechi. Usarovha kuchechi. Handikuitei kuti mununoke zvekuti munozorovha kuchechi. Asi kana uchifanira kurovha kubasa, pano neapo, izvozvo hazvikanganisi. Zvino, nokuti, basa, ndicho chingwa chako chemazuva ose, uye, iwe, Ishe vakavimbisa kukupa ichocho. Saka, asi, izvi, unofanira kuva nechokwadi chekuuya kuchechi. Maonaka?

28 Ndinofunga, mangwana mangwanani, ndine imwe hama yakanaka muno muguta. Asi handizivi kuti zita rake ndiyani zvino. Ndinofunga kuti inonzi Apostolic Chechi, kana Apostolic Chechi, waro. IApostolic Chechi. Ndi—ndinogona kuziva hama yacho. Zita ravo harisi pabepa. Asi ini—ini handizivi kuti hama iyi ndiani panguva ino. Zvino mangwana manheru, kusimuka . . . [Imwe hama inoti, "Macias."—Mupepeti] Matii? ["Hama Macias."] Hama Macias. Oo, Macias. Oo, chechi yechiMexican. Ndizvo here? Oo, ndivo here vakatora nzvimbo

yaHama Garcia pavakabva pano? ["Ndizvozvo."] Zvakanaka. Zvakanaka chaizvo.

29 Nhai, ndakawana tsamba, pano nguva shoma yapfuura, kubva kumwanasikana wavo, kumusoro. . .Hama Garcia, kumusoro mu—muCalifornia, vachiri vakabatirira. Saka, ndinotenda zvikuru. Uye ndakaona Hama naHanzvadzi Garcia pandakanga ndiri kuSan Jose, ndinotenda, vaina Hama Borders kumusoro ikoko. Vari kungoita zvakanaka. Handife ndakakanganwa husiku ihwohwo kumusoro uko kuchechi diki yechiMexican. Ndainge ndisati ndambonzwa nezve "Gloria a Dios" yakanyanya muhupenyu hwangu hwose. Handife ndakazvikanganwa izvozvo, "Gloria a Dios."

30 [Hama Williams vanotaura naHama Branham—Mupepeti] Ini zvangu! Maita henyu, Hama Williams. Zvakanaka. Zvigaro 1,500, mangwanani, muchechi umu. Nhai, munhu wese ngaauyeko, kana musiri kuenda. . .Zvino, mirai zvishoma. Ndinofanira kupangwarira ipapo. Ndataura chimwe chinhu chisicho zvino. Kwete. Nekuperera kwese, uri wepanzvimbo yako yebasa. Maona? Rega. . . Zvino, zvakanaka.

31 Zvino nhasi ndazozviona kuti ivo. . .Ndaona tende. Ndange ndiri zasi kuno kuna Sixteenth na Henshaw. Kana kuti, ndizvo zvakwaive kuri pandaivepo, ndiri kuno kuArizona, makore angangoita 35 akapfuura, mugwagwa wevhu wakare. Ndakabuda kunze ikoko kwavakanga vari, uye yakanga iri Sixteen na Henshaw. Ndakagara ikoko nevamwe vanhu, Francisco, asi—asi zvino haungamboziva nzvimbo imwe cheteyo. Yakatochinja zita. Ndinofunga yave kunzi Buckeye Road zvino.

Uye, oo, mashandukiro anoita zvinhu, asi Mwari havashanduke.

32 Uye saka ndanga ndiri ikoko ndikaona imwe hama ine musangano wemutende. Imwe hama zasi apo ine tende rakamiswa. Ndatenderera kuti ndione kana ndaigona kuvaona, asi handina kuvaona chero kupi zvako, kuti ndivaudze kuti takanga tisiri pano kuita makwikwi navo. Asi, kunongova nevanhu vakawanda kwazvo kuno!

33 Ndinorangarira Jack Shuler. Izvi zvinganakira imi vanhu veMethodisti. Pandakapinda muno imwe nguva, paMadison Square Garden, Jack akanga ari kunze kuno pa—pachikoro chesekondari. Zvino—zvino ndakavafonera. Ini ndikati, "Hama Jack?"

Vakati, "Hongu. NdiHama Branham here ava?"

Ndikati, "Hongu." Ndikati, "Ndakupindiraika panguva yenyu ndiri kuno."

34 Zvino vakati, "Kwete." Vakati, "Kwete. Ndangogara kwenguva yakarebesa ndikapinda munguva yenyu."

35 Ini ndikati, “Oo, ndine hurombo, Hama Jack.” Ndikati, “Handina . . . ”

36 “Aa,” vakati—vakati, “zvakanaka, Hama Branham.” Vakati, “Vanga vachingoda kuti ndigare.”

37 Ndikati, “Oo, boka rangu harikunetse kunze uko, zvisinei hazvo, Jack,” ndikati, “nokuti vazhinji vose vangu maPentekosti.”

Akati, “Ndizvo, nevanguwo, zvakare.”

Ndikati, “Chokwadi?”

“Handiti,” akati, “chokwadi.” Akati, “Ndiri mupentekosti.”

38 Ndakati, “Zvino, usatomboite zvako kuti Bob azvizive izvozvo.” Ndibaba vake, munoziva. Uye ivo muMethodisti, zvakare, akaperera pachake, munoziva.

39 “Zvinoka,” akati, “Hama Branham, hamuzivi here kuti mu—kuti mupentekosti chii?”

Ndikati, “Ndinofunga kudaro.”

Akati, “MuOrthodox Methodisti.”

40 Ndizvo zvazvakatongoda kuva, Orthodox Methodisti. Ndizvozvo. Kana dai kereke yeMethodisti yakaenderera mberi nemharidzo yayo, ingadai yakapfuurira kunopinda mupentekosti chaimo. Che—Chechi chaiyo yakazviita.

41 Kwete, handisi kuzvidza sangano renyu zvino, hama. Maona? Nokuti, pentekosti haisi sangano. Vakaedza kuita izvozvo, asi chokwadi vakakundika mazviri. Maona? Chiitiko. Hongu. Pentekosti ndeyemaKatorike, kana—kana maJudha, kana ani zvake anowana . . . Pentekosti chiitiko, kwete sangano.

42 Uye zvino kana munhu wose muine Bhaibheri renyu rakazarurwa, kana pedyo, raungada kuverenga neni maShoko mashoma. Ndinofarira kuverenga Shoko, hamudiwo here? Nokuti, shure kwezvose, zvandingataura zvinogona kukundikana, nokuti ndiri munhu. Asi zvaVanotaura hazvikundike. Maona? “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harikundikani.” Oo! Hazvina kunaka here izvozvo? Shoko raVo harizombokundikani. Chinhu chinobwinya chaizvo! Shoko raVo haringambokundikani.

43 Zvino ngativerengei manheru ano kubva, uye titore chidzidzo kubva, zvandichatora semusoro wenyaya, Ishe vachitendera. Zviri muBhuku raAmosi, chiporofita chaAmosi. Uye akararama anenge 700 ne . . . Ndinofunga kuti angangoita makore 787 Kristu asati auya. Ngatizarurei kuchitsauko 3 chaAmosi, Shoko raJehovha kubudikidza naAmosi. Zvino ndi—ndinofarira murume uyu. Anoonekwa somumwe wevaporofita vadiki, asi zvechokwadi aive neShoko raShe.

*Inzwai shoko iri rakataurwa naJehovha* vachikupikisai, O *vana veIsraeri,* vachipikisa mhuri yose yandakabuditsa mu*nyika yeEgipita, ndichiti,*

*Ndimi moga vandakaziva...pamarudzi ose enyika: naizvozvo ndichakurovai pamusoro* pekusarurama kwenyu kwose.

*Ko 2 vangafamba pamwe chete, vasina kumbotenderana here?*

*Ko shumba ingaomba mudondo, isina chayakaruma here? ko shumba duku ingarira mubako rayo, isina* chayatora *here?*

*Ko shiri ingawira pasi mumusungo, paisina kudzikirwa rugombe here? ko* mumwe angatora *musungo* panyika, uye *usina chawakabata here?*

*Ko hwamanda ingaridzwa muguta, vanhu vakasatya here? Ko guta ringawirwa nezvakaipa, Jehovha asina kuzviita here?*

*Zvirokwazvo Ishe...haangaiti chinhu*, asi anozarura zvakavanzika zvake ku*varanda vake vaporofita.*

*Shumba* ikaomba, *ndiani angarega kutya? Ishe* Mwari vataura, *ndiani angarega kuporofita?*

44 Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo kuMashoko aya.

45 Maziso ake maduku anofanira kunge akatetepera, apo zuva raipisa rakapenyera pasi mangwanani iwayo uye richivaima pandebvu dzake chena nebvudzi rake, paakakwira pamusoro pechikomo chiri kuchamhembe kweSamaria ndokutarira uko kuguta. Nguwo dzake dzakanga dziriwo dzamazuva ese, uye tsoka dzake dzakanga dziine guruva. Akanga asinganyanyi kutaridzika, asi aive neZVANZI NAJEHOVHA yekuvanhu.

46 Zvakasiyana sei nhasi nekuvhangera kwedu kwechizvino-zvino! Hurongwa hwakasiyana kwazvo hwatinahwo, nehwake!

47 Muchinda mudiki uyu, asiri mumwe kunze kwaAmosi, muporofita wechokwadi waShe, aine Shoko raShe, kuchizvarwa ichocho chizere zvivi! Murume mudiki uyu, asingatyi akaporofita mumazuva aJerobhoamu wechi 2.

48 Jerobhoamu akanga ari murume akangwara, akangwara zvikuru, akachenjera, asi ainamata zvifananidzo. Uye Jerobhoamu akanga asvitsa humambo hwake panhongonya yahwo, asi ainamata zvifananidzo. Akazviita nenzira isiri iyo. Asi humambo hwakanga hwabudirira pasi paJerobhoamu.

49 Uye, kazhinji, budiriro inokonzera chivi. Vanhu vazhinji vanoona kubudirira semaropafadzo. Angave ari, kana tikagona kukubata nemazvo. Asi kazhinji kunotungamirira kuchivi, kusakudza Mwari.

50 Humambo hwakanga huchibudirira muzuva rake, uye nevanhu. Akanga aita sungano nendudzi dzose dzakanga dzakamupoteredza.

51 Uye kuti Israeri yakanga yayerera ichinopinda muchivi chakaipisisa, ikabva pana Mwari, ikabva pamirairo yaVo nemitemo yaVo, ndokuenda, zvachose, mukupengereka. Vakadzi vaifamba mumigwagwa, vakapfeka zvipfeko zvavo zvakanaka, zvisina hunhu. Varume vaingoenda, vachiita zvekubheja uye vachinwa. Mashabhini, tingaadana kudaro nhasi, nzvimbo yemafaro, yakazaruka kuti bhenen'ene muguta.

52 Chivi chaingosiiwa chakadaro nevashumiri, chingoripo pachena. Nzvimbo yakanaka, nzvimbo huru yevashanyi, uye yakanyatsovhurika kuti bhenen'ene. Chivi chakanga chisingatsiurwe kubva papurupiti zvakare. Chakanga chiri kwese-kwese.

53 Zvino chiporofita ichi pachakauya, zvaiita sekuti chaisazo. . . Chaizova chinhu chokupedzisira chaizombofa chakaitika. Maererano nezvakataurwa nemuporofita uyu kwavari, chaizova chinhu chokupedzisira chaizombofa chakaitika kwavari, nekatukiro kaakaita chizvarwa ichocho. Asi, zvakadaro, mukati memakore 50, humambo hwavo hwakaparadzwa zvachose kubva panyika.

54 Mwari vanotaura Shoko raVo. Uye Shoko raMwari rakaita seMbeu. Uye kana Radyarwa, kana muporofita iyeye achiuya neShoko raShe uye akataura mashoko aya, aitofanira kuitika, kana aive Mashoko aMwari. Kana sho—Shoko raShe rikazodzwa, uye Riri Shoko raShe, Rinototora nzvimbo yaRo mumwaka waRo.

55 Tinogona kuRiona, mushure mezviuru zvemakore, Richitora nzvimbo yaRo nhasi. Rinofanira kuzviita, nokuti IShoko raShe, uye haRingapararari.

56 Mumwe munhu aitaura neni rimwe zuva, uye akati, "Genesi zvainoreva handizvo, uye mazuva 6 ekusikwa, aVakataura."

57 Ndakati, "Genesi 1 kusvika (Genesi) 2 chinhu chakasiyana zvachose." Chitsauko 1 chaGenesi chinoti, "Pakutanga Mwari vakasika matenga nenyika," furusitopu. Kuti Vakazviita sei, uye kuti ndiriinhi paVakazviita, zviri kwaVari. Hongu. Zvino, "Nyika yakanga isina chimiro, uye isina chinhu," tobva tatangira kubva ipapo, pakusikwa. Asi, "Pakutanga," kusvika riinhi, hatizivi. Mbeu dzose dziya dzaVaive nadzo imomo pakabva mvura, hupenyu hwakadzoka panyika zvakare, hukazadzazve nyika. Uye kana Shoko raMwari rikadyarwa, hapana chinogona kuRitadzisa kuti riitike.

58 Zvino muporofita muduku uyu asingatyi akabva kusingazivikanwi. Chinhu choga chatinoudzwa nezvacho, kuti aive mufudzi. Hatizivi kuti baba vake vaive ani. Hatizivi

kuti amai vake vaive ani. Hatizive chero vedzinza rake, hapana kana chii zvacho chake.

59 Kazhinji ndiyo nzira iyo varume vanotumwa kubva kuna Mwari vanouya panzvimbo. Vanobva kusingazivikanwi, uye vanonyangadika nenzira imwe cheteyo. Takanga tisina nhoroondo yezvake, zvakaitika.

60 Murume mukuru uyu Jerobhoamu, aive si—simba guru rezvepfungwa, uye akaisa nyika mukubudirira, asi zvakadaro, iri muchivi.

61 Handizivi, kana tisingakwanise kungofananidza izvozvo zvishoma manheru ano nenyika yedu isu, nyika yedu isu, iri muzvivi sezvairi. Asi zvakadaro, kubudirira, tiri kuzoderedzerwa mutero, izvozvi, ndinonzwa kudaro. Chokwadi, chero ani zvake anogona kuverenga pakati pemitsara ipapo, sarudzo dziri kuuya. Asi, zvichingodaro, zvinhu zvose izvi zviri kuitika.

62 Israeri, vaparidzi, vaprisita, nehurumende vakanga vasiya Shoko raMwari kumashure, uye nekurerutsa. Uye ndosaka nyika yaive muchimiro chayaive iri, kunyangwe vaingove nevaprisita vakawanda, uye nevaparidzi vakangowanda sevavakambova navo. Asi vakanga vasiya Shoko raMwari, vabva paRiri. Uye nguva dzose inguva iyoyo, apo Mwari vanotumira mumwe munhu anobva kusingazivikanwe, kuti aiputitse ichidzokera mugwara rayo zvakare. Mumwe munhu asingatyi achasimuka neShoko raShe ozunguza vanhu vachidzokera kuShoko zvakare.

63 Ndanga ndiri kungocherechedza apa. Ndanga ndanyora chimwe chinhu pano, icho zvichida ndingada kuzotaura nezvacho zvakare. Chiri pachitsauko 2, ndima 4. Ndinoda kuchiverenga. Teererai muchinda mudiki uyu achitaura izvi.

> *Zvanzi naJehovha; Nemhaka* yokudarika 3 uku kwa*Judha,* uye . . . 4, *handingadzori* murango wacho; *nokuti* vakazvidza *murairo waJehovha,* uye *vakasachengeta mitemo yake, nenhema dzavo* dzakavakonzera kuti vadarike, dzinova idzo *dzakateverwa namadzibaba avo*:

64 Munoona paive nemharidzo yake? Achinyatsoidzorera chaipo, pekuti vakanga vabva paShoko raMwari. Kumuravi upi noupi weBhaibheri, izvozvo zvinokuita kuti uzive kuti akanga ari muporofita wechokwadi. Akavadzosera chaipo paShoko, pavakanga vawa.

65 Oo, zvichida machechi avo akanga abudirira. Zvichida vaiva nezvivakwa zvakanaka. Guta ravo ringangodaro raitoyevedza kupfuura Phoenix. Kwaiva kuSamaria, sezvatinoziva tese, yaive nzvimbo huru yevashanyi. Ichiri nazvino, nzvimbo yakanaka.

66 Asi, zvakadaro, vakanga vabva pana Mwari. Zvino Mwari vakatuma mutumwa uyu kwavari. Ishoko rakadini rekutsiura rakabva kuna Mwari! Muporofita muduku uyu akavabuditsa.

67 Zvino, Amosi akabva kurenje, achienda kuguta rinoyevedza. Ndosaka meso ake madiki aakapihwa naMwari akatsinzinyira paakanga ave pamusoro pechikomo. Iye . . .

68 Kwete zvingaitwa nemushanyi, madzimai, achitaura kuti, "Honai kutenga zvinhu kwese uko kuri kuitwa nemadzimai aya. Tarisai mafashoni matsva avanawo zasi kuno," kana kwete semafungiro angaitwa nevamwe varume kuti, "Makasino, nezvimwe zvakadaro, zvaive zvakakurumbira kwazvo muguta," kana nokuda kwekuti vangagara pamakona enzira votarira mamwe madzimai achipfuura, ruchiva.

69 Asi muporofita uyu, meso ake akatsinzinyira nokuda kwechivi chaakaona muguta. Akanga asingatsinzinyiri nokuda kwezvinhu zvaaiyemura, asi kuona kuti vakanga vaenda kure zvakadini naMwari, vanhu vaive vakadanwa uye vakasanangurwa. Macherechedza here apa? Vakati, "Handizivi vamwe vanhu kunze kwenyu. Ndakakutungamirirai kubva muEgipita, zvino mobva mabva paNdiri saizvozvo."

70 Zvino muporofita uyu, achibva kunova mufudzi kumashure kumusoro kunyika yekuchamhembe, aine Shoko raShe, kuti akatarira sei guta iroro. Anofanira kunge akapukuta dikita. Mbatya dzake dzaive dzasharuka. Uye pamwe asina mari inokwana yekumuwanira ka—kamuri husiku ihwohwo. Hazvina kuita kana mutsauko kwaari. Aiva nemharidzo yaipisa mumoyo make, uye aifanira kuiunza. Kwete izvozvo zvoga, asi chizoro cheMweya Mutsvene chakanga chamurova kunze murenje imomo, chakanga chavhara maziso ake pane zviyevedzo zvenyika.

71 Uye chero muranda waKristu akazodzwa, maziso avo akapofomadzwa kubva kuzvinhu zvenyika. Havaoni zvinhu izvozvo. Havazvitsvage. Vane chinhu chimwe chete: Kristu ari pamberi pavo. Ndizvo zvoga zvavanoona. Hapana chavanotya. Kristu ari pamberi pavo. Mharidzo inofanira kusvitswa kuvanhu, uye hapana chinovamisa. Haukwanise kuIpisa kubva mavari. Unogona kuvaisa mujeri, mutorongo, chero chaunoda kuita. Vanobuda mariri zvakare. Ndiye muzodziwa waShe. Hongu.

72 Akatarira pakuora kwepamweya kweguta racho, hunzenza, uye nekuora kwepamweya kweguta racho.

73 Hameno kuti vangani varanda vaMwari, vari kudzika nepagomo kumusoro kuno, vangatarisa Phoenix? Munouya kuno nokuda kwezvinoyevedza, nokupenya kwezuva, nekuzorora, izvo zvatisingagoni kutaura tichizvirerutsa.

74 Kuno nguva shoma yakapfuura, kekupedzisira kandaiva kuno, ndakagara paSouth Mountain, mudzimai wangu agere

kumashure uko, ndaitaura naye. Ndikati, "Makore angaita 3 kana 400 akapfuura mupata waiva nzvimbo yakanaka, pasina kupokana, apo Salt River yakapfuura nemuno, nemakava, nezvimwe zvakadaro, nekudombera kwemadhorofiyo. Tarisai kuti zviri . . . Chinhu chacho chose changove matutu echivi."

Iye ndokuti, "Zvinoka, saka chii chinokuunza kuno?"

75 Ndikati, "Hezvino zvinondiunza kuno. Kunyange murima raro uye nemuzvivi zviri muguta, pane zvimwe zvapupu zvaShe, zviumbwa zvipenyu zvaKristu, zasi uko. Ndakauya kuzoisa pfudzi rangu pamwe navo, kuzovhenekera Chiedza cheEvhangeri. Dzimwe dzehama diki dziya dziri zasi uko pakona yemugwagwa pane imwe nzvimbo, vakazvigadzirisa, ndokushingaira pazviri, ndokuchema nekuzvinamatira, vaine mharidzo pamoyo yavo. Ndakauya kuzokanda chikamu changu navo, kuvhenekera Chiedza cheEvhangeri yaJesu Kristu isina kusvibiswa kunzvimbo huru yeguta rePhoenix."

76 Mariri, kunyange hazvo, ichigona kuva nzvimbo inoshamisa; kana munhu akangotora budiriro yake yaakakwanisa kuita, kuvaka dzimba dzakanaka sedziri pamusoro peGomo reCamelback, Gomo reCavalier. Pandakapfuura napo, handiti, makore 35 akapfuura, rakanga riri gwenga. Taimhanyisa madhongi nemo takatasva mabhiza. Uye neuko kuSouth Mountain kuno, tichidzingirira madhongi nemabhiza.

77 Uye zvino yave nzvimbo huru yeguta yerino guta guru rakanakisa. Riri kukura kuva makumi ezviuru akapeptwa zviuru. Ratambanuka, kusvikira zvino kuora pachako kwemaguta kunoriunza munyonga-nyonga. Chiutsi chiri kupinda. Hunyoro hwenyu hwakangoipa sezvazviri muJeffersonville, Indiana, muOhio Valley. Kudiridza . . . Munhu anogara achisvibisa nyika. MaIndia pavaive nayo, yaive nzvimbo yakanaka. Asi muchena paakapinda, akauya nezvivi zvake, nedoro, nehunzenza. Zvino akasvibisa nyika kusvika yasara isiri chinhu kunze kwekutopotsa yave gomba resuweji. Chinhu chakadii chekutarira pachiri! Mwari vachaibvisa panyika, rimwe remazuva ano.

78 Uye Vari kusarudza vanhu, mukururama, vachatonga panyika, ivo paVachatonga saMambo. Zvino vari kutora vanhu vaVo kuitira Zita raVo, vanhu veHumambo hwaVo.

79 Zvino, boka iri reIsraeri rakachenjera, rakangwara, renjere, mutungamiri waro mukuru, ane simba, nyanjere, kana, mambo, Jerobhoamu, aive murume akachenjera, uye, vanganzwa here muporofita mudiki uyu, asingazivikanwe? Ko mharidzo huru iyi, iri kupisa mumoyo make, aizokwanisa here kufamba nemumigwagwa, uye vanhu vaizodaro, vakadzi vaizodaro, vaizozvipfekedza zvakanaka zvakare here, varume vaisiya mabhawa nenzvimbo dzezvivi, uye votendeukira kuna Mwari pakuparidza kwemuchinda mudiki uyu, asingazivikanwi?

Ndiwo waiva mubvunzo unogona kunge wakauya mupfungwa dzake, kana unodarowo mune dzangu, pandinomuona akamira ipapo, nemusoro wake mudiki, une mhanza uchipenya muzuva. Ndebvu dzake dzakachena dzakarembera pabhachi rake. Akatarisa zasi ikoko, uye akatarisa guta iroro, uye maziso ake akatsinzinyira, nemwoyo wake uchirova.

80 Uye zvakadaro, imomo, akaona Humambo hwaMwari, hwaifanira kugadzwa imomo, hwakaremerwa nechivi. Uye nokutsiurwa kunobva kuna Mwari, kwaizotsiura kubva kuna mambo kusvika kumupemhi ari munzira, wose muprisita, muparidzi, mambo, ishe, mambo, chero zvaanga ari, aive nechituko chaMwari chekuisa pavari. Nokuti ivo . . . Ungafunga kuti vaizomugamuchira. Oo, vaizozvinzwisisa here?

81 Rangarirai, akanga asina aimutsigira. Akauya zvakasiyana nevavhangeri vedu vanhasi. Akanga asina tsigiro inobva kuvaprisita. Vaisatomboziva kuti muchinda wacho aive ani. Asi paiva neMumwe aiziva kuti aiva ani. Akanga ari iYe akamutuma. Ndizvo zvoga zvaive nebasa, kwaari, chero bedzi aiziva kwaakanga atumwa achibva. Mharidzo yake yaifanira kuendawo zvimwe chetezvo, uye zvisinei.

82 Akanga asina mapepa esangano aimutsigira paakapinda muguta, achiuya kubato revafundisi, woti, "Hama dzangu, ndatumwa nerimwe boka *iri,* boka iri rechinamato. Ndiri we*vakati-vakati.*" Akanga asina izvozvo. Akanga asina chimwe chezvinhu izvozvo. Uyewo akanga asina kadhi roruwadzano rokuratidza kuti aitombomira muruwadzano rwakanaka nebato revafundisi kubva kunyika yaakabva. Akanga asina tsigiro yemusangano yake. Haana kana munhu waakambobvunza nezvawo.

83 Muchinda mudiki iyeye akange akamira panzvimbo yakaoma. Zvingadai zvakakwana kuti munhu atendeuke odzokera, onofudza mombe dzake, onotangira paakasiira, kana dai ainge akangofunga hake.

84 Asi, munoona, murume uyu haana kumboda kutora dzimwe pfungwa. Haana kufunga nezvemagwaro api zvawo, uyewo haana kufunga nezvekadhi reyanano. Akangofunga nezvechinhu chimwe chete, zvino rakanga riri Shoko raShe. Mwari vakanga vaRipa kwaari nokumuraira, kuti aifanira kuenda ikoko kunoporofita. Ndizvo zvoga zvakaita mutsauko kwaari. Aiva neShoko raShe, uye nokudaro akanzwa kuti aisada magwaro, kana chero tsigiro, kana chero vanobatirana naye. Chinhu choga chaaida, chaiva, aiva nekubatirana pamwe naMwari, uye ndizvo zvoga zvazvaitora. Chero bedzi akanga ari mukuda kwaShe, zvakava nemutsauko wei? Chero bedzi aiziva kuti shoko rake raibva kuna Mwari, Mwari vaizosimbisa shoko iroro. Vaifanira kudaro.

85 Zvino paakaunza shoko racho, zvinoita sekunge paizove nevose vaprisita, nevaparidzi, uye nevaporofita vezera iroro, vangadai vakauya vakatendeuka, nokuti vangadai vakaona chinhano chenzvimbo yacho, nokuona kuora kwehunhu. Asi paakatanga kuporofita neShoko raShe, Rakanga risiri chinhu chavaiziva. Hapana chavaiziva nezvaRo.

86 Mufananidzo chaiwo waizvozvo nhasi. Harizivikanwe, shoko raShe! Chechi hapana chainoziva nezvaro. Kana vachinzwa vanhu vachisimuka uye votaura nendimi dzisingazivikanwi, uye vopa dudziro kwadziri, uye votaura chimwe chinhu chava kuda kuitika, vanhu vanotendeutsa misoro yavo vofamba vachienda; vofunga kuti vanhu vacho vanopenga. Vanoona mumwe munhu achisimuka muMweya achiporofita, kana kupa shoko rinobva kuna Jehovha, handiti, vanhu vechechi yenyika nhasi vanofunga kuti munhu iyeye arasika njere dzake. Havazvizivi, nokuti vari muchinhano chakangoda kufanana, nhasi, sezvakanga zviri Samaria muzuva iroro.

87 Asi, rangarirai, kana nyika dzasvika, kana kuti chechi yaMwari payakagara ichipinda muchinhano ichocho, Mwari vaikwanisa kumutsa muporofita neShoko raShe kwavari. Zvirokwazvo.

88 Vakanga vazvikanganwa, kare-kare. Asi vanofanirwa kuve vakarangarira, zvisinei nekuti vaikwanisa kutarisa nemumabhuku avo, uye voona kana vaive nemumwe munhu akabva kune zvimwe zvezvikoro zvavo, anonzi Chiremba Amosi, kana kuti kwete. Vaifanira kunge vakaziva, kuti, “Mwari waAbrahama aigona kubva pamabwe aya kumutsa vana, kana vaporofita, kuti vaunze Shoko raVo.”

89 Zvino Mwari vamwe chete ivavo vanokwanisa manheru ano sezvaVaiva kareko. Uye kwaizova, zvirokwazvo, kwaive kusanzwisisika kuvanhu. Vanokwanisa kumutsa varume, vozodza varume, kuti vaunze Shoko raVo. Vanokwanisa kuisa Shoko mumunhu, vomutumira, uye voratidza kuti iVo ndiMwari, nemunhu iyeye achazvininipisa uye ozvikumikidza kuna Mwari, uye asingatyi kutora Mwari paShoko raVo. Vanokwanisa kuzviita, uye Vachazviita. Vakavimbisa kuti Vaizozviita.

90 Uye Mashoko aVo, zvirokwazvo, akasimbiswa kwavari muzuva iroro. Nokuti, chizvarwa ichocho pachaive chichiripo, zvose zvakaporofitwa naAmosi zvakaitika.

91 Handizivi nhasi, zvino, kuti kana Amosi akauya kwatiri, taimugamuchira here nhasi? Ko Phoenix yaizogamuchira Amosi here? Kana pane imwe nzvimbo mhiri kwegomo pano, pane imwe nzvimbo, kana zasi kubva kune imwe nzvimbo yenyika, kwakauya muchinda mudiki, akapfeka zvasharuka saizvozvo, ofamba achipinda muno anyararidza vashumiri, oti, “Ndine Shoko raJehovha,” munofunga kuti taizomugamuchira here? Zvirokwazvo kwete.

Chinhu chekutanga chataizomubvunza, "Uri weboka ripi?"

92 Uye ko kana akatendeuka, oti, "Boka reKudenga"? Zvaizova zvakaita sezvitsva kwatiri, ndine hurombo.

93 Asi ndozvazvaive panguva iyoyo zvino. Uye pamwe zvingave zviri zvimwe chetezvo nhasi uno kana Amosi akauya panzvimbo.

94 Regai, nekungoda kwezvandataura, timutakure auye pano, kwenguva shoma, uye toona zvatinofunga kuti aizoita. Munoziva here zvaaizoita? Ndinotenda kuti haaizobvumirana nehurongwa hwedu hwose. Hongu, changamire. Aizopesana nedzidziso dzedu dzemasangano. Aizopa mhosva maMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, maLutherani, maKatorike, nemaPentekosti. Aizosanganisira zvinhu zvacho zvose. Zvirokwazvo aizozviita. Aizopesana nedzidziso dzemasangano avo. Aizonanga panheyo dzepamavambo dzeShoko, otangira paShoko chaipo. Aizotangira musangano wake pana ZVANZI NAJEHOVHA.

95 Nhai, nhai, mungafunga kuti Phoenix ingamugamuchire? Munofunga kuti Louisville ingamugamuchira here; New York, Boston, Massachusetts, kana chero kupi kwakungave, California? Kwete, changamire. Vaizoisa muchinda mudiki uyu mutirongo nekukasika kwavaigona nako kumuendesa ikoko. Zvirokwazvo vaizodaro. Zvirokwazvo vaizoita izvozvo. Kana akadzokera kuShoko, ndine chokwadi kuti vaizodaro, nokuti boka rose raizopikisana naye. Hapaizova nerimwe rinobvumirana naye, nokuti vanofanira kubatirira kutsika dzavo kuitira kuti vasabvumirane neShoko.

96 Taizofanira kuti tirangarire kuti iye muporofita wechokwadi. Kana dai aive, uye kana dai aive muporofita akatumwa kubva kuna Mwari, aizova nechiratidzo chimwe kwaari, chiratidzo chimwe chechokwadi chatinoziva kuti muporofita: aizogara neShoko. Nokuti, ndiko kwakauya Shoko raMwari, kwaiva kuvaporofita.

97 Munoziva here zvaaizoita? Aizoputitsa nekupa mhosva chizvarwa chino. Aizopomera mudzimai wese akagerwa vhudzi ari munyika. Aizopomera muparidzi wese wemasangano. Zvirokwazvo aizodaro. Aizopomera muputi wese wefodya, mukadzi wese aipfeka zvikabudura kana midhebhe. Aivabvambura-bvambura. Sei? Zvinopesana neShoko. Ndizvozvo chaizvo.

98 Munofunga kuti taizomugamuchira here? Kwete zvachose. Havaizomugamuchira.

99 Aizotsiura hunzenza hwechechi. Aizozunza-zunza kachigunwe kekare ikako kakaunyana pachiso chevaparidzi ivavo oti, "Munoreva kundiudza kuti munozvidaidza kuti muranda waMwari akazodzwa, uye momira papurupiti muchirega vakadzi venyu vachipfeka zvinokwezva ruchiva pakati pevarume venyu, nezvimwe zvakadaro? Morega

madzimai enyu echidiki achisimuka saizvozvo? Munotendera varume venyu kuroora ka 2 kana ka 3, uye vova madhikoni mumachechi? Munoreva kundiudza kuti muchabatirira kune gwaro iroro ramunaro muruoko rwenyu, uye mofuratira Shoko raMwari?" Oo, ini zvangu! Aizoputitsa chinhu chacho. Hongu, changamire. Hunzenza hwekereke, nehunzenza hwenhengo dzacho, aizozviputitsa. Ini zvangu! Nhengo yese, aitsiura zvine simba. Dzidziso yese yeseminari yakagadzirwa nevanhu, aibvarura chinhu ichi kuita zvidimbu-zvidimbu.

100 Zvino, mungagamuchira munhu akadaro here? Kwete. Havaizozviita. Zvirokwazvo vaisazozviita. Vaizobuditsa murume iyeye muguta nekukurumidza kwavaigona. Handiti, sangano raizosangana pamwe chete, uye roti, "Nhai, tinofanira kuita chimwe chinhu pamusoro peizvi. Udzai ungano yenyu kuti isaendako kunonzwa izvozvo." Kwete. Kwete. Hataizomugamuchira, zvachose, taisamugamuchira. Zvirokwazvo. Havaikwanisa kuzviita.

101 Munzwei achiputitsa. Oo, ndinozvifarira pano. Ndakatarisa pasi chaipo pane zvaakataura. Akati, "Mwari wacho chaiye wamunoti munoshumira achakuparadzai."

102 Aizotaura zvimwe chetezvo nhasi. Isu vemuAmerica takazviputira mune zvakawanda zvezvinhu zvinoshamisira, zvivakwa zvikuru zvakawanda, uye nemanhamba makuru mumasangano edu, newose uyu mukurumbira wakanaka, nevashumiri vekuseminari vakadzidziswa kunyarara uye vorega kutaura chinhu pamusoro pazvo, nekuti vanotya kuti vangazodzingwa muchechi. Zvirokwazvo. Aizoputitsa chinhu ichocho kuita zvidimbu-zvidimbu, nokuti zvinopesana neShoko. Zvirokwazvo aizodaro. Zvino Mwari wacho chaiye watinoti tinoshumira acha—achapisa chinhu ichi zvachose, rimwe remazuva ano. Achachiputitsa kuita zvidimbu-zvidimbu.

103 Amosi aisazoshandura mashoko ake, kana dai aive pano nhasi. Aigara ari paShoko chaipo! Oo! Chii? Munzwei achivaudza ipapo, "Mwari vakakudai. Vakakuunzai. Vakakuitai vanhu vakasanangurwa."

104 Ndinoda kumunzwa muchechi yePentekosti imwe nguva. Mukatenda kuti ndiAmosi, zvimwe mungabva masiyanawo neni zvino, kwechinguva. Maona? Hongu, aizovaudza. Aisadzora tsvimbo. Aizozviputitsa nesimba rose raaigona naro, ovaudza pavari kukundika paShoko.

105 Mwari vakakubuditsai kubva mumamochari aya akagadzirwa kumba, akagadzirwa nevanhu, makore akapfuura! Makore 50 akapfuura, madzibaba naanaamai venyu vakabuda muhurongwa uhwu hwakanga hwasunga nekupinza nyika mavari. Zvino Mwari vakatumira tsitsi dzaVo ndokukudaidzai kuti mubude kunze, kubva kuchivi nezvinhu zva—zvaiva muchechi. Uye zvino matendeuka muchidzokazve, sezvakaita

Samaria. Apo, Mwari vakavabuditsa kubva munyika idzodzo, zvino vakanyatsodzokazve ndokuita sungano nenyika iyoyo, zvatiri nhasi, uye tichiedza kukwikwidzana nemachechi makuru emasangano iwayo. Tiri kuvaka zvikoro zvakadarika kukura. Chii? Hatidi zvikoro zvikuru. Zvakanaka; handina chekutaura ndichipesana nazvo.

106 Asi pese paunotora muvambi kana mutungamiriri anobuda muzuva rake, zvino, anoita zvakanaka muzuva rake, asi, achingoenda chete, zvino vanovaka sangano pamusoro pebasa rake. Vanobva vatora boka raana Ricky vadiki imomo, naana Elvis, uye, chinhu chekutanga munoziva, vanomonyorora chinhu chacho kuti chienderane navo. Uye zvakare mumwe*wo* uyu anobva auya opfekedzera chimwewo chinhu, nokuti mudzidzi mukuru ane njere akabva kuHarvard kune imwe nzvimbo, kana chimwe chinhu. Uye chinhu chekutanga, vanotanga kupfekedzera *izvi*, vobvisa *iZvi*, uye voti *iZvi* zvakanga zvisingareve *izvo* ne*zvozvo*. Matodzokera chaiko mutsika imwe chete yekare zvakare. Hongu.

107 Dai Amosi aive pano, aizoputitsira chinhu chacho pasi. Haana kumbobvvira akavakira musangano wake pamusoro pekuti machechi mangani aaigona kuti abatirane pamwe naye. Haaizombovakira kereke yake pane rimwewo sangano kana rimwe bato rekereke. Chinhu chaaizoita, kwaiva kuzovakira musangano wake pana ZVANZI NAJEHOVHA. Mwari vaizomutsigira sezvaVakagara vachiita, kuratidza kuti ndezve chokwadi. Akati, "Pane dambudziko. Muchechi menyu mune nyonganyonga."

108 Aizoti kudii nhasi? Aizoti kudini neShoko raMwari iroro rakarembera pano pamberi pedu? Timotio Wechipiri 3, paRakati, "Vachava nemisoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda Mwari; vaputsi vesungano, vapomeri venhema, vasingazvidzori, uye vanozvidza avo vari kuedza kurarama zvakarurama; vaine mufananidzo wehumwari, asi vachiramba simba racho." Munofunga kuti muprofita anogona kusimuka panzvimbo onyenyeredza chiporofita ichocho here?

109 Achati, "Zvazadziswa mumaziso enyu nhasi," kuti chechi yaizova yetsika sei, uye nezvinhu zvavaizoita. Aizo—aizokurangaridzai Mashoko iwayo aMwari. Aizokurangaridzai izvo Mwari vakati Vaizoita muzuva rino, kana Amosi akasimuka panzvimbo. Kwete izvozvo zvoga, asi Mwari vaizoratidza, kubudikidza naAmosi, zvaVakavimbisa kuita muzuva rino. Zvirokwazvo. Vaizodaro. Vakazviita muzuva iroro. Vakagara vachizviita. Zvirokwazvo.

Hataizogamuchira Amosi kana akasimuka panzvimbo.

110 Zvino, kuti, "Mufananidzo iwoyo wehumwari," vosimuka kumusoro ikoko mu—mumakwaya, uye—uye kumativi ose, makwaya makuru ane nguwo refu, uye—uye voimba seNgirozi;

uye votamba, semadhimoni, manheru acho anotevera. Ndizvozvo. Maona? Ndicho chokwadi chaicho. Vamwe vanouya vakapfeka nguwo huru, refu, dzinoyevedza saizvozvo, uye vachiratidzika seimwe mhando yeNgirozi; uye vomira kumusoro ikoko voramba Shoko, sezvingaita chero mweya wakaipa zvawo. "Vaine mufananidzo wehumwari, asi vachiramba simba racho." Wotanga, kutaura nezverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ivo, handiti, aizo—aizokudzinga muchechi. Maona? Sei? Anofanira kudaro. Asi vanomira mumakereke aya vorega nhengo dzavo, muimba yepasi, vachiita twist nerock-and-roll.

111 Uye yedu iyi Y.M.C.A. yezita, handizivi kuti C iyeye anomirirei. Ukafamba uchipinda mavari, hapana kana chimwe chaunokwanisa kunzwa kunze kweZita raShe u-. . . Ndiyo Young Men's Cursing Society here?

112 Ndakagara, nguva pfupi yapfuura, muhotera, yakanga iri mhiri kweY.W.C.A. Zvino zvainyadzisa kuona vasikana vadiki ivavo vari pasi kunze ikoko, kusvika kuma 9 o'clock, vachiedza kutyora makumbo avo, vachiita zvekumonyoroka. Ndizvozvo. Uye vose zvavo, vari nhengo dzechechi, vanoimba mumakwaya, uye vachidzidzisa Sunday school. Hapana chimwe kunze kwadhiyabhore, achidzidzisa vana vaduku ivavo kunze uko pasi, hurongwa hwakagadzirwa, hunonzi chinamato. Zvirokwazvo. Muporofita wechokwadi anoputitsa chinhu ichocho chichidzokera chaiko muhutsi hwegehena kwachakatangira. Zvirokwazvo ichokwadi.

113 Unofunga kuti Amosi aigona kumira papuratifomu oparidza Vhangeri, zvino wotarisa boka revakadzi vakagerwa vhudzi zvino orega kuzvitsiura? Unofunga kuti haaizotaura Isaya 5, naVaKorinde Vokutanga 14? Uye, oo, haaizo—haaizodurura izvozvo here? Zvirokwazvo. Aizodaro. Wofamba achidzika nemigwagwa woona madzimai akapfeka tuhembe tudiki utwu, vachitaridzika sevarume, dzakabata zvekuti ganda riri kunze, potse; vachienda havo, vachimonyoroka, vachifamba zvekuzvida, vachifamba saizvozvo, vachiridza gogo dzavo vachienda, uye unofunga kuti munhu waMwari haangamiri here papurupiti oputitsa chinhu ichocho? Apo, kashoma chaizvo kuti zvitaurwe nezvazvo kubvapo, kubva papurupiti. Uye zviri mumachechi ePentekosti, zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Hazvina mutsauko wazvaizoita kuna Amosi. Uh-huh. Vamwe. . . Ndiye aizova wacho aizozvitaura. Haaizotya, nokuti akanga akazodzwa naShe. Uye kana aive neZVANZI NAJEHOVHA, raitofanira kunge riri Shoko raJehovha.

114 Akauya kuSamaria, kwete kuzotarisa zvinoyevedza zvavo, kuverenga kuti masangano mangani, uye kuti vaive nemanhamba mangani avaiva nawo.

115 Sezvandakataura humwe husiku, zvinoita kunge, nhasi, kuti chechi yose zvayo yakavakirwa pamusoro, pechinhu chikuru

pakati pehama nhasi, dzemumachechi, ndiwo, "manhamba, manhamba," mumwe achiedza kukunda mumwe. "Manhamba!" Mwari havaverenge manhamba. Vanoverenga hunhu. Hunhu ndihwo huri kutsvagwa naMwari kuti vawane, mumwe munhu waVanogona kuisa maoko aVo paari, mumwe munhu anoramba akamira akadzikama kwenguva yakareba zvakakwana.

116 Sezvatakataura, "Sarudzo! Gore rose, takava nesarudzo *dzakawanda kudai*." Iwayo *matombo*, "kureurura." Uye dombo rinobatsirei pasina muvezi wedombo ane Shoko raMwari rinopinza, rinomutema ova mwanakomana waMwari, kana mwanasikana waMwari, uye nekumuisa muChechi maanofanira kuva? Matombo ari kukunguruka haagadziri chivakwa. Unofanira kuacheka nokuaumba.

117 Tinoda varume nhasi, varume vakazodzwa, sezvaiva Amosi, vaizobvisa nyika kubva kumukadzi iyeye nokumuita mwanasikana waMwari, kucheka nyika iyoyo kubva kumurume iyeye. Zvisinei kuti matirastii mangani vakamudzingira kunze, kana chimwewo chinhu, aizomira pana ZVANZI NAJEHOVHA. Hongu.

118 Hataizogamuchira Amosi, handifunge, sezvizvi. Unofunga kuti Amosi aizoita sei paanopinda muchechi yePentekosti yanhasi, vanoti vanotungamiririrwa neMweya Mutsvene, uyezve wozoona chinhu chimwe chetecho mukereke yePentekosti iyo inozviti inotungamiririrwa neMweya Mutsvene? Handizivi zvangu. Zvino, tinogona kutaura pamusoro pemaBaptisti, nemaMethodisti, nemaLutherani, asi, kana zvasvika pamusuwo wedu isu une tsvina, zvino tinoti kudii nazvo? Takabva paShoko raMwari! Chimwe chinhu chakakanganisika, pane imwe nzvimbo. Ndizvozvo chaizvo. Hongu. Vanouya voita zvinhu zvose zvakasiyana izvi, uye vozviti vanotungamiririrwa noMweya, votamba muMweya, dzimwe nguva vototaura nendimi.

119 Ndinotenda mukutaura nendimi. Ndinotenda mukutamba muMweya. Ndinotenda mukudanidzira. Asi pane zvimwezve zvakawanda zvinofambirana nazvo. Ndizvozvo. Ukaita zvinhu zvose izvozvo, uye woramba Shoko, zvino pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo, une mweya usiri iwo. Uh-huh. Mwari havatungamiriri vanhu vaVo kuzvinhu zvakadaro, zvachose. Kwete. Havadaro.

120 Ndinofunga yave nguva yeimwe pati yekurasira kunze, imwe Boston Tea Party, sekutaura kudaro. Chechi inoda imwe. Inoda kucheneswa chaiko kwakanaka.

121 Apo, Joan wekwaArc, mumazuva akapfuura, chechi yeKatorike yakapotsa kuziva kuti aive musande paakanga achirarama, nokuti aiona zviratidzo, aigona kududzira zviroto, mudzimai akazadzwa noMweya. Zvino Mwari vakashandisa mudzimai mudiki uyu. Uye vakafunga kuti aive muroyi. Uye vakamupisira padanda, semuroyi. Munozviziva izvozvo.

Vaprisita veKatorike vakaita izvozvo ivo pachavo. Mazana emakore atopfuura, ivo ndokuzoona kuti akanga ari musande. Zvino, pavaizomuita musande, vaifanira kuripira matadzo avo. Saka vakachera mutumbi wevaprisita vaya ndokuvakandira murwizi, kuti varipire matadzo. Munoona, zvakapfuura nepo chaipo uye ndokutadza kuzviona. Vakaita chinhu chimwe chete naMutsvene Patrick nevamwe vose.

122 Ndosaka Jesu akati, "Munoshongedza nokupenda makuva evaporofita kuita machena, asi muri imi makavaisa imomo." Ndizvozvo. Chatinoda nhasi ndiAmosi achadzosa Shoko raJehovha kwatiri. Zvirokwazvo anodaro.

123 Zvino, zvatinotaura nezvimwe hazvireve chinhu kunze kwekunge Mweya waMwari uripo kuti utsigire zvatinotaura. Kana hupenyu hwedu husingaenderani nezvatinotaura, saka pane chakakanganisika.

124 Joan wekwaArc akatungamira France kune chimurenga. Vaida chimurenga. Ndizvo chaizvo zvavakaita. Vaida chimurenga, zvino iye akachitungamira. Asi mushure mechimurenga, pacho pakazokanganiswa, vaida munhu anopikisa chimurenga kugadzirisa—kugadzirisa zvavakanga vachimukira.

125 Ndinoti kereke yePentekosti ndicho chinhu chiri pedyosa chandinoziva neBhaibheri nhasi. Kana yaiva isina kudaro, ndingadai ndiri mune imwe. Ndizvozvo. Ndingadai ndisina kumira pano ndichipedza nguva yangu, ndichitaura nevanhu vechiPentekosti, dai ndisina kufunga kuti paiva netariro. Ndizvozvo. Pentekosti iri raiti. Asi kana tichida Pentekosti kuti iungane pamwe chete uye tsika dzedu dzaputswirwa pasi, zvino tinoda chimurenga chinopikisa. Tinoda kuuya kunopikisa; ndine . . . kwete kutaura kwePentekosti, asi kuuya kwakachena kwePentekosti.

126 Mwari vatsvene. Avo vanorarama naVo vanofanira kurarama hutsvene. NdiMwari vatsvene. Bhaibheri rakati, "Pasina hutsvene, hakuna munhu achaona Ishe." Ichocho ichokwadi. Hupenyu hwaVo hutsvene. Uye kana Hupenyu hwaVo huri mauri, Hunoita kuti uve mutsvene. Pasina iHwo, hauoni Ishe. Uye tarisa kwairi kuyeredzwa ichienda.

127 Tiri zvimwe zvakafanana neIsraeri mumazuva iwayo, hazvo. Israeri yakafunga, nokuti vakanga vachibudirira, zvinhu zvose zvakanga zvichifamba zvakanaka. Vaiva nemubatanidzwa, mumazuva avo, nemamwe maguta. Uye vakaita mubatanidzwa. Hurumende yakaita mubatanidzwa nevashumiri, nevaprisita, nevaporofita. Uye vakafunga kuti zvakanga zvakanaka. Uye vakafunga kuti zvaingofadza Ishe. Asi vaive nemuchinda mudiki akasimuka akavadzosa zvakare. Ndizvozvo.

128 Nekuda kwekuti vakabudirira, ndipo patinokanganisira. Kubudirira hachisi chiratidzo chekuropafadzwa pamweya.

Ndizvozvo. Hazvisi nepadiki pose. Kubudirira, dzimwe nguva, imhingaidzo.

129 Munorangarira zvakataurwa naShe pamusoro peIsraeri? "Pawaiva muduku, pawaive usina chinhu, pawaive wakarara muropa rako iwe uri mumunda, pasina aikuchenesa, Ndakakupinzai mukati. Ukabva waNdishumira. Asi pawakanga wakura zvokusvika pakufunga kuti wakaringana uye unogona kuzvichengetedza pachako, wakabva waNdisiya." Vagara vachiita izvozvo.

130 Uziya, sezvandakataura nezvake pakudya kwemangwanani kweBusiness Men mamwe mangwanani, akanga ari murume mukuru. Akabatirira panaShe. Asi rimwe zuva mushure mekunge Mwari vamusimbisa . . . Uye aive muenzaniso mukuru kumuporofita Isaya. Asi mushure mokunge asimba, uye avaka, marudzi akatanga kumutya. Akavaka masvingo ake ndokutanga kutora zvinhu zvinoyevedza. Akasvika pakuzvitutumadza. Akasvika pakuona kuti aive mukuru kwazvo. Zvino akaedza kutora nzvimbo yomuparidzi. Mwari ndokumurova nemaperembudzi, uye ndokufa ava nemaperembudzi. Maona? Hatitombodi kuva vanozvisimudzira, mumoyo yedu.

131 Uye dzimwe nguva, patinoona masangano edu achibudirira, tinotanga kuti, "Ndisu boka guru. Tisu boka gurusa rePentekosti riripo. Tine vakawanda kupfuura vamwe vose." Kana kuti, "Haugone kuenda Kudenga kunze kwekunge uri weboka redu," kana chimwe chinhu. Kana wasvika pakadaro, wazvipatsanura kubva paShoko raShe. Ndizvozvo. Rangarira, gumbeze rakafara zvokukwanisa kutambanukira kuhama yako. Ndizvo chaizvo. Mutore apinde.

132 Oo, tinoda sei, nhasi, kudanwa kuti tidzokere kuShoko raShe. Tarirai, nhasi. Uye nyika yedu inoda kudanwa kuti idzoke.

133 Ndiri kuzotaura, humwe wehusiku huno, kana ndichikwanisa, ndinoda . . . Ndine kupomera mhosva. Ndinofanira kumirira kusvikira ndaunganidza vaparidzi vose pamwe chete. Hongu. Ndinoda kupomera chizvarwa chino nekuda kweropa raJesu Kristu, uye ndozviratidza kwamuri. Maona? Zvino, ndingangogona, kuenda kune imwe nzvimbo kuti ndiite izvozvo. Asi ticha, tozoona kana tichigona kuva nekudya kwemangwanani mamwe mangwanani, kwevashumiri chete. Uye ndi—ndinoda, Ishe vachindibatsira, kuratidza chaizvo kwatiri—kwatiri kuenda, nenzira isiri iyo. Tinofanira kudzoka. Hapana imwe nzira kunze kwekudzoka. Ndizvozvo.

134 Tarirai nyika yedu nhasi. Tarisai zvatiri kuedza kuita, chinhu chaicho chakaitika muzera rerima, kubatanidza chechi nehurumende pamwe chete.

135 Tarirai mubatanidzwa, kana, mu—Mubatanidzwa wemaChechi ePasi Rose, machechi ose ari kupinda muMubatanidzwa uyu wemaChechi ePasi Rose, zvino vanofunga kuti uhwu ndihwo humwe hwaMwari, nokuti, machechi ose, United Brethren, varume vemakereke anotenda zvepamavambo vanopinda musangano guru kwazvo rimwe, nemhaka yekushaya kuziva Shoko raMwari. Muporofita akataura kuti chinhu ichocho chichaitika, "Vaizogadzira mufananidzo kune chikara, uye waizova nesimba rokutaura."

136 Oo, unofunga here kuti Amosi aigona kumira papurupiti manheru ano zasi kuno, kana dai aive muPhoenix, uye otadza kudanidzira pamusoro pechinhu ichocho? Hazvaizove kuti aipesana nesu, hama, asi aizenge achipesana nehurongwa huri kutibvisa paShoko. Ndizvo zvaaizoita. "Ko varume ivavo vangafamba pamwe chete sei?" Bhaibheri rakati pano, muno, Amosi. Ishe vakati, "Udza vanhu, 'Ko 2 vangafamba pamwe chete sei, vasina kunge vatenderana?'"

137 Zvino, tichatora sei mapoka edu ePentekosti uye topinda muMubatanidzwa wemaChechi ePasi Rose, apo hafu yavo imomo, vanopfuura hafu, zvikamu 85 kana 95 kubva muzana, vachitoramba kuberekwa nemhandara? Vanoramba. Ndinodaira kuti, zvikamu 99 kubva muzana vavo vanoramba, vanoramba kupodza kwaMwari. Vanoramba nheyo dzeBhaibheri. Vanoramba kutaura nendimi. Boka rePentekosti chete ndiro rinotora izvozvo. Uye tichazvibatanidza sei navo muhumwe? Tichava sei vamwe navo? Ko tichafamba sei navo tisina kuwirirana navo? Ko muchazviita sei? Munofanirwa kuramba kutenda kukuru kweevhangeri kwamunako, nheyo dzepamavambo dzeBhaibheri, kuti mufambe navo.

138 Ndinokuudzai, Mwari vanodana dungamunhu. Vari kukudana, sedungamunhu, kuti ugare neShoko raVo uye ugare naVo.

139 Ko Mwari vaizofamba sei navo, apo zvitendwa zvavo pachavo, zvakagadzirwa nehuchenjeri hwavo hwenyika, zvichiramba Shoko raVo? Kana chitendwa chikagamuchira dzidziso yeboka revanhu, vari pamwe chete, uye voramba kuti Shoko ndiro, zvino munobvisa Mwari pamuri. Mwari vatsvene. Uye Mwari, Bhaibheri rinoti, Vanotarira paShoko raVo, kuti vaRisimbise. Uye Vanogona sei kusimbisa Shoko, kana Shoko racho risipo? Ndicho chikonzero tiine nhengo pachinzvimbo chevana. Ndiko kuti, tine chitendwa. Uye munhu wose anogona . . .

140 Nyika iri kutsvaga munhu wepamusoro. Vari kushandira . . . Vari kutsvaga chimwe chinhu chinogona kuvabvumira kuti vabatirire pakupupura kwavo Chikristu uye vorarama nechero nzira yavanoda. Madzimai vanoda kuita seHollywood asi vogoramba vachiti vane Mweya Mutsvene. Vaparidzi vanoda

kuvaka chechi hurusa nekuita zvinhu zvose izvi, uye vova nemadhikoni akaroora kakawanda. Uye—uye vanogona kuita zvinhu zvidiki izvi uye vopfeka zvipfeko *izvi*, vanozvidaidza kuti rusununguko rwemadzimai.

141 Munofunga kuti Amosi aizomirira zvakadaro here? Kwete. Zvechokwadi aisazodaro. Munofunga kuti Amosi aizomira, osangana nehutungamiri pamwe nemabhishopi kumusoro uko, oti, "Hama, ndinofunga kuti makaita chinhu chikuru."

142 Aizoti, "Imi boka revapanduki! Imi vanyengeri! Imi varambi veKutenda!" Aizotaura zvimwe chete zvakataurwa naMikaya, zuva riya pamberi pe 400 vaya vaizviti vaporofita vechiHebheru.

143 Vakati, "Muhuwandu, mune vazhinji, uye mune chengetedzo." Zvinoenderana nekwaunoda kushandisira Gwaro iroro.

144 Ndinogona kuti, "Judhasi akaenda akandozvisungirira; uye iwe enda undoita zvimwe chetezvo." Harishande ipapo.

145 Uye harishande, kuti, "Muhuwandu hwekupangana mune chengetedzo." Chechi yeKatorike iri kukunyengedzai mose zvino.

146 MuShoko raMwari mune kuchengetedzwa. Bhaibheri rakati, "Zita raJehovha ishongwe ine simba. Vakarurama vanomhanyiramo uye vochengetedzwa." Uye ndiyo chete nzvimbo yakachengeteka yandinoziva. Vaporofita vaigara vachitenda izvozvo. Abrahama paakafa, apo. . .Jobho paakafa, akazviisa munyika yechipikirwa, guva rake.

147 Abrahama paakafa, akatenga chikamu chemunda panzvimbo imwe cheteyo, pana Jobho. Akaitei? Akatarisa muporofita uya. Akaziva kuti akanga ari munhu waMwari, uye akati, "Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva okupedzisira Achamira panyika. Kunyange kana honye dzemunyama dzaparadza mutumbi uyu, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari." Hongu. Zvino Abrahama aizviziva. Akaviga Sara ipapo. Akatenga chikamu chemunda, uye akaviga. . .Iye, pachake, akavigwa ipapo.

148 Isaka, paakafa, akaendeswa seriko akavigwa ikoko. Isaka akabereka Jakobho.

149 Zvino Jakobho akafira zasi uko kuEgipita. Asi asati afa, akadaidza mwanakomana wake muporofita, Josefa. Zvino aiziva kuti aiva muporofita, munhu wemweya, aidudzira zviroto, uye aiona zviratidzo, zvaiva chokwadi nguva dzose. Akati, "Huya pano, Josefa, mwanakomana wangu muporofita. Isa ruoko rwako pahudyu iyi yandakabatwa naMwari samasimba makore akapfuura, ndokuchinja zita rangu kubva pakuva 'munyengeri' kuva 'muchinda pamwe naMwari.' Isa maoko ako kumusoro kuno upike naMwari iyeye kuti hauzondivige zasi kuno muEgipita." Sei? Sei? Zvakaita mutsauko wei?

150 Ndizvo zvavanotaura nhasi, "Zvine mutsauko wei?" Tinowana boka revanhu, tovaita kuti vajoinhe chechi, uye vobva mumigwagwa. Dzimwe nguva unomuita mwana wegehena akapetwa kaviri kupfuura zvaaive ari kunze mumugwagwa. Ndizvozvo. Zvinoita mutsauko.

151 Josefa, paakafa, akataura, akati, "Rimwe zuva Ishe Mwari vachakushanyirai." Akanga ari muporofita. Akati, "Ishe Mwari vachakushanyirai. Zvino musasiye mapfupa angu zasi kuno, asi atorei aende kumusoro munyika yechipikirwa." Sei? Aiziva kuti Chibereko chekutanga cherumuko chaizobuda kubva munyika yechipikirwa. Ndizvozvo chaizvo.

152 Jesu, paAkafa, uye akamuka mangwanani eEsta, Bhaibheri rakataura, kuti, "Vazhinji vevatsvene vakanga vavete muguruva vakamuka, uye vakabuda mumakuva uye vakaonekwa nevazhinji." Aiva ani? Abrahama, Isaka, Jakobho, Josefa. Sei? Vakanga vari panzvimbo chaipo.

153 Ndicho chikonzero ndichiti zvinoita mutsauko. Hamungondivige kunze kuno mune imwe Methodisti, Baptisti, kana imwewo chechi. Ndivigei muna Jesu, "Kune avo vari muna Kristu Mwari vachauya naVo paVanouya." Uye zvinotoita mutsauko. Zvirokwazvo, zvinodaro.

Usarega mumwe munhu achikuudza kuti, "Nekuti wajoinha chechi."

154 Amosi haaimbomirira zvakadaro. Aizoti, "Mwari vacho chaivo vamuri kuti munoshumira . . . "

155 Ndingataura izvi muZita raShe: Mwari vacho chaivo avo nyika ino inofanira kumiririra vachaparadza nyika ino. Vachaparadza machechi aya. Mwari veKudenga vachatuma hasha dzaVo mukutonga voparadza machechi aya, anongonziwo machechi. Rangarirai, imi torai shoko rangu.

156 Hapana munhu anogona kujoinha Chechi. Unojoinha kirabhu. Haujoinhe Chechi, unoberekwa muChechi. Maona? Unojoinha kirabhu yeMethodisti, kirabhu yeBaptisti, kirabhu yeKatorike, kirabhu yePentekosti. Asi unoberekwa muChechi yaMwari mupenyu; uye ndiyo yaVari kuuyira, Chechi iyoyo. Saka, tine makirabhu, kwete maChechi. Chero chii zvacho chinogona kuungana mukirabhu iyoyo, vanyengeri nezvimwe zvose. Asi ndichakuzivisai izvi izvozvi, maererano neShoko, hakuna kana munyengeri mumwe muKereke yaMwari mupenyu. Hakuna chinhu Ikoko kunze kwevatsvene.

157 Zvino, hunhengo hunogona kukupinza mukati. Uye munofunga—munofunga kuti Amosi aisaputitsa here? Aizozunguza chinhu ichocho kusvika panheyo yacho. Zvirokwazvo aizodaro.

158 Tarisai. Israeri payaive munzira yayo, ichienda munyika yechipikirwa, ichitungamirwa neMweya Mutsvene, Shongwe

yeMoto yakanga iri pamberi pavo, Dombo rakarohwa raivatevera.

159 Zvino Moabhu ikabuda, yaive hama. Rangarirai, yaive chikamu cheIsraeri, zvakare. Yakanga iri chikamu, sezvo yakabva kudzinza iroro remaJudha, nokuti akanga ari mwana waRoti nomwanasikana wake. Zvakabuditsa Moabhu.

160 Uye tarisai Bharamu, muprisita, akabuda kunze uko ndokugadzira artari, ndokupira mhando imwe chete yezvibayiro, zvingori zvepamavambo sezvazvingava. Maona? Uye aive nevakakurumbira pamwe naye. Akanga aina mambo. Akanga aine varume vakuru vose, machinda nemayunaki, vakamira naye.

161 Asi paiva neMumwe akanga akamira naMosesi waakanga asina kuona. Ndiye waCho akamira naAmosi. Ndiye Achamira nemunhu wese ari pano, manheru ano, achamiririra Mwari nekururama. Hazvina mhosva kuti kune madzishe, madzimambo akawanda sei aripo, hazvina kana chimwe zvacho chekuita nazvo. Havazombokwanisi kutuka zvakaropafadzwa naMwari. Sei? IMbeu mhenyu. IShoko raMwari. Richakura kusvika pakukwana kwaRo. Oo, zviratidzo zvaMwari mupenyu mumusasa! Ndizvo, zvairatidzika sokunge Israeri yakanga yakanganisa zasi uko. Asi vakakundika kuona Dombo rakarohwa, uye neiyo Yananiso ichiitirwa Israeri. Zvino kwaive nekudanidzira kwaMambo mumusasa. Mwari vaiva navo. Sei? Vakanga vachipodza varwere, uye vachiita zvishamiso zvikuru, nezviratidzo nezvishamiso, neShongwe yeMoto yakarembera pamusoro pavo. Mosesi aitevera Shongwe yeMoto. Vana veIsraeri vaitevera Mosesi. Zvino vakanga vari munzira yavo kuenda kunyika yechipikirwa, uye hapana chaizovamisa. Ameni.

162 Oo, hazvingave zvinodzokororwa zviri nyore here nhasi, kana Mwari vakakwanisa kutora mumwe munhu muruoko rwaVo, mukutungamira kwaVo? Shongwe yeMoto iyoyo ichiri mhenyu. Achiri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Shoko richiri kurarama.

163 Mwari, titumireiwo Amosi ari. . .achamiririra Chokwadi nezvakarurama, azunguze zvinhu izvi.

164 Unoti, "Tingagone here. . .Unofunga kuti aizova nemhando yezvibereko zvakaita sei?"

165 Zvino, aizova nezvibereko, kusvikira azodana vose avo vakanga vakafanotemerwa naMwari kuti vadanwe. Ndivo avo vaaizowana. "Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya." Hongu.

166 Mikaya akanga aripo pamberi paAhabhu, uye Ahabhu aive akamuvenga. Boka rose revashumiri raipesana naye. Uye vose vainge vakafemerwawo, zvakare, asi kufemerwa kwavo hakuna kufambirana neShoko. Ndinofunga, pamwe, Amosi akarova chinhu chimwe chete ichocho.

167 Vaprisita pavakaenda mumugwagwa, vakati, "Zvino, chimbomirai zvishoma! Chii—chii. . .? Ndiratidze magwaro ako. Wakabva kuchikoro chipi? Wakabuda mudzinza ripi? Uri here. . .? Ndiani akakuita muprisita?"

Aiti, "Mwari vakandiita mumwe."

"Unobva kuchikoro chipi?"

168 "Jehovha Mwari. Ndine ZVANZI NAJEHOVHA." Vachamuteerera here? Zvirokwazvo kwete. Vaisada kunzwa muchinda iyeye. Zvirokwazvo kwete. Vakanga vasingade. . .

169 Uye, zvakadaro, varume ivavo vanogona kunge vakati, "Ndakafemerwa. Zvinoka, ndiri wechechi huru yevaFarisei pano. Tarirai kuti Mwari vakatiropafadza sei. Takaisa maartari egoridhe mukati. Takaisa matemberi. Takaita zvinhu zvese izvi. Uye, oo, mupiro wedu wemamishinari mukuru kudarika mamwe makereke ose muJudhea yose. Zvinoka, tinoita zvinhu zvose izvi *pano*. Vanhu vedu vabhadhari vakuru vechegumi, nezvose izvozvo." Asi zvakadaro Mikaya kana. . .

170 Amosi akamira ipapo akati, "Mwari wamunoti muri kushumira achakuparadzai." Zvino zvakaitika saizvozvo.

171 Zvino, handisi kupomera zvirongwa zvemamishinari. Handisi kupomera makereke makuru. Asi, dambudziko razvo nderekuti, vanhu vanoisa maziso avo pane izvozvo, uye nepane. . .vachibva paShoko. Uye, pakupedzisira, zvinokutungamirirai kunopinda muchinhu ichocho, zvino munozviwana muchitsvedza. Dzokai chaiko kuShoko. Musabve kwaRiri. Oo, tinoda kudanidzira sei, kunobva murenje nhasi. Zvirokwazvo ichokwadi zvino. Zvirokwazvo.

172 Zvimwe zvikonzero, vanhu vanoshandisa pfungwa. Vanoda kushandisa pfungwa. Ndicho chinhu chekutanga chaka. . .Ndicho chakarasa kuyanana kwerudzi rwevanhu, pari apo Satani akaunza hurongwa hwekushandisa pfungwa zvichipesana neShoko kuve riri iro. Uye zvinonzwika sezvine musoro kwazvo.

173 Ngatingotorei Satani, zvaangave akataura kuna Evha, apo Mwari vakavachengetedza mukati neShoko raVo.

174 Ndicho chinhu choga Mwari chavakapa vanhu vaVo kuti vavachengetedze kubva kumuvengi, raiva Shoko. Havana kumbotipa chitendwa. Havana kumbotipa chimwe chinhu kunze kweShoko raVo. Ndizvo zvoga. Zvino Mwari havana magumo, ndisamasimba, havashanduke. Havagoni kushanduka. Hurongwa hwavo hwekutanga hwakakwana. Havambodi kuti vahushandure.

175 Sarudzo yaVo yekutanga, munhu paakatadza uye akayambuka mukaha mukuru uya pakati pake naMwari, asina kumbozvisiyira nzira yekudzokera, Mwari, vazere netsitsi nenyasha, vakagamuchira chinotsiva. Mwari bedzi vazere

netsitsi nenyasha vanogona kuita chinhu chakadaro. Vakabvuma chinotsiva, uye chinotsiva ichocho chaiva ropa. Ndiyo chete nzvimbo iyo munhu aigona kuuya mukuyanana naMwari zvakare, pasi peropa rakadeurwa. Uye hapana kumbova nenguva yekuti munhu akakwanisa kuyanana naMwari, kunze kwekubudikidza neropa chete. Uye ichokwadi chaizvo, apo paanoyanana naMwari.

176 Zvino, Evha akarerutsa. Evha akatanga kushandisa pfungwa. Satani akati sezvizvi, "Zvino, uri . . . Hauzive. Hausati wadzidziswa nazvino. Ndini purofesa weseminari kunze kuno." Yake iye. "Uye, ndinokuudza, takadzidza zvimwe zvinhu kunze uko. Takadzidza kuti Mwari vakanaka kwazvo! Takadzidza museminari yedu kuti Mwari vakanaka kwazvo! Havatarisiri kuti uite zvese zvaVakanyora ipapo. Havatarisiri izvozvo."

"Hongu, asi," mudzimai akati, "Ishe Mwari vakati."

177 Zvino, angadai akaita muparidzi akanaka, dai akaramba ari pane Izvozvo. Ndicho chikonzero anorambidzwa kuva mumwe nhasi. Maona? Mubvisei pakuri. Amosi aizoti kudii nezvazvo? Ndinoshuva kuti dai ndaimunzwa kwemaminetsi angangoita 5, ndorekodha mharidzo yake. Ndaizozviisa patepi chaipo, ndoita kuti nyika yose izvinzwe. Uh-huh. Zvadaro ndochikwanisa kunyarara nezvazvo, kubva ipapo zvichienda mberi. Cherechedzai. Hongu, changamire, aizozvitsiura.

178 Uye cherechedzai mudzimai zvaakataura. Zvino, Satani akati . . . Zvino, haaigona kuita izvozvo naEvha, munoziva . . .

179 Haaikwanisa kuita izvozvo naAdhamu, asi akaita naEvha. Saka akati kuna Evha, zvino, "Zvino unoziva *izvi*." Akati, "Unoziva, chokwadi Mwari vakanyanyisa kunaka kuti vakukuvadze. Mwari . . . Zvechokwadi haufe. Unoziva kuti ndiMwari vakanaka."

180 Tinonzwa zvakawanda zveizvozvo nhasi. NdiMwari vakanaka. Asi, kuti vave vakanaka, Vanofanira kuva nenduramo, zvakare. Ndizvo zvinoVaita kuti vave vakanaka. Havasi zinyekenyeke. NdiMwari.

181 Uye zvino, "Mwari vakanyanyisa kunaka kuti vakuitire izvozvo." Zvino akatanga, akati, "Handiti, unenge wachenjera. Unova nedzidzo. Uchave wakangwara uye wakachenjera. Ucha—uchaziva zvinhu zvausingazive zvino." Maona?

182 Aingofanira kuziva chinhu chimwe chete, raiva Shoko. Hazvidi kuti tive neBachelor of Art, nePh.D., neLL.D., nezvimwe zvinhu zvose izvi. Ingoziva Shoko raMwari. Mwana ari nyoresa, anogona kuverenga, anogona kuzviziva, anoziva.

183 Asi, kushandisa pfungwa, zvino chii chavakakawana? Chii chavakakawana? Ipapo vakaputsa. Zvino Satani akaziva kuti akunda rudzi rwevanhu ipapo. Uye ndipo paakavakundira kubvira ipapo.

184 Ndicho chikonzero Amosi akauya. Nokuti, mukurumbira nemaonero anofarirwa nevanhu, uye nemutungamiri wenyika kana mambo akanaka, mukuru, uye akanga aunza budiriro. Vanhu vanotengesa hupenyu hwavo nekuda kwendiro yebhinzi, saEsau. Handisi kuedza kurwadzisa, asi ndiri kuedza kureva chokwadi.

185 Imi maDemocrats makatengesa hudangwe hwenyu nguva pfupi yapfuura. Ndizvozvo. Uye ini handisi muRepublican. Ndiri Mukristu. Asi, hama, zvinonyadzisa kwazvo! Uye vakatozotora muchina wekubiridzira kuti uvavhotere kuti vapinde saizvozvo. Asi ndizvo zvaidiwa nevemuAmerica. Vakazviwana. Vanowanzokupa zvaunoda.

186 Mwari, ndipeiwo Shoko reNyu. Ndiro randinoda. "Regai ndivanze Shoko reNyu mumwoyo mangu, Ishe, kuti ndirege kuKutadzirai."

187 Oo, vamwe vanoshandisa pfunga. Asi, munoona, Amosi haaigona kushandisa pfungwa, nokuti aive muporofita. Shoko rakauya kwaari. Kwete.

188 Zvimwe chete neShoko nhasi, unofanira kuRidudzira, worega Mweya Mutsvene uRidudzire nokuRisimbisa muhupenyu hwako.

189 Ndizvo zvakataurwa, munoziva, izvo, Jeremia akataura ku—kumuporofita Hanania. Akati, "Kana muporofita iyeye akataura, uye zvaanotaura zvikaratidzwa, ipapo vaporofita vaibva vaziva kuti aitaura chokwadi."

190 Dai Amosi aive pano, munofunga kuti aizoita sei? Aizo—aizogara neShoko. Ndizvo zvaaizoita. Munozivei? Aitiudza kuti takadzidziswa kubva pahwaro hweShoko raMwari repamavambo. Aizotiudza kuti tiri kure chaizvo neChechi yepentekosti yekutanga. Ndizvo zvaaizotiudza isu maPentekosti. Moti, "Zvino, vanga vave nemakore anoda kusvika 50 ekuti muchitanga basa, zvino hamusati masvika ipapo nazvino." Oo, aizoti kudini kumunhu wesangano? Zvino, oo, ndokunge kana aisapa izvozvo, ndokunge kana aisabvarura-bvarura machechi, nokuda kwehunzenza hwavo, nekuda kwekugamuchira zvitendwa, kujoinha chechi pachinzvimbo chekuzvarwa mairi!

191 Zvinoka, kana wakazvarirwa mairi, hama, hanzvadzi, unozvibata zvakasiyana. Iwe—iwe unogara neShoko. Kana Mweya Mutsvene uri mauri, Unodya chete paShoko. Jesu akati, "Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rose," kwete chikamu cheShoko, "asi Shoko rose rinobuda mumuromo maMwari."

192 Iye, nokuva ari muporofita, aizoona chinhu ichi matiri. Che. . .Amosi aiva muporofita.

193 Zvino ndava kuzovhara, munguva shoma, asi ndiri kuda kuita kuti zvitaurwa izvi zvigare mamuri kana ndikakwanisa.

Ndichazvitaura, uye Mweya Mutsvene unofanira kuita kuti zvigonyatsogara. Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.

194 Kana Amosi akauya pano manheru ano uye omira papuratifomu ino, kana akafamba achikwira nekudzika mumigwagwa yePhoenix, aizoona matiri nhasi, munyaya yedu yenyika, munyika yedu yechechi, aizoona chinhu chese hacho chaakaona muSamaria: takabatwa zvachose nehunzenza, tichienda kure neShoko raMwari. Aizoona boka rinonamata chaizvo. Vakanga vari, mumwe nomumwe wavo, maIsraeri. Asi aiona nze—nzenza, hunzenza. Aiona—aiona kuparara kwemagariro nohunzenza pakati pavanhu. Aizoona kuora nohunzenza pakati, panyika. Aizoona kuora nohunzenza vachibva paShoko. Aiona hupombwe muchechi. Handisi kureva . . . Hongu, zvose; hwepanyama, uye aizoona hupombwe hwepamweya. Kuti vaizenge vachitora zvitendwa zvevanhu kunze kuno, sezvitendwa zvevanhu, uye vachizvigamuchira pachinzvimbo cheShoko, ndiko kuita hupombwe hwepamweya kuna Mwari. Zvakazarurwa 17 inotaura kudaro, kuti ivo, mhombwe iyi, yakaita chivi, nekuti, "Nezvinyangadzo zvayo yakaita kuti nyika inwe waini yekutsamwa kwayo." Hongu. Tinoona zvingave zvakasiyana zvachose. Aizozviona, kuora nohunzenza.

195 Amosi haana kumbopomera hurumende mhosva, kunyangwe hazvo. Teererai. Amosi haana kumbopomera hurumende mhosva, muMagwaro ake ose. Asi akapomera vanhu mhosva nekusarudza hurumende yakadaro. Oo, ndaigona . . .

196 Maneta here? [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti] Zvino, chimbomirai zvishoma chete. Maona?

197 Musapomera hurumende yenyu. Hurumende haigoni kuvakira imba padombo apo vanhu vachivhotera jecha. Vanhu vanorida.

198 Uye nguva zhinji ndinotaura zvinhu papurupiti, ndichiziva kuti hama dzangu dzakagara apo, vashumiri, varume vakanaka. Ndinotaura navo, ndovatora muchikona. Uye ibasa rangu, ndichiziva zvinhu izvi, kuudza hama dzangu. Uye ndinotaura navo. Vanoti, "Hama Branham, tinoziva kuti zvamuri kutaura ndizvo, asi chechi yangu ingatozobuda." Maona? Maona? Ndeizvo zvamunoda. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Maona? Haugone. Ndevanhu.

199 Zvino, kana muchifunga kuti ndingavhura chivakwa zasi kuno mumugwagwa zvino ndotengesera, madzimai nhasi, shangu dziya dzechinyakare, dzakakwirira, dzinosungwa netambo? Zvichida dzine dehwe rakatowanda madziri kupfuura—kupfuura chitoro chose chakazara nhasi, peya imwe. Asi kana ndikatodzitengesa ne 50 senzi papeya, ndaizofa nenzara. Sei? Hamudzidi.

200 Kana ndikatengesa masiketi aya echinyakare, maaMai Hubbard kumadzimai nhasi, munofunga kuti vangaatenga here? Zvirokwazvo kwete. Vanoda chimwe chinhu chavanogona kuzvidurura machiri, chinoratidzika seganda riri pasochisi. Va—vanongoda kuti dzinyatsobata. Vachifamba mumugwagwa, zvimiro 4 kana 5 zvakasiyana, pakapinda mukati, pakabudikira kunze, nekurerekera shure akapfeka gogodo, vakamisa mudenga mutsipa wavo. Ndiko kuti, handirevi izvozvo senyambo. Ino haisi nzvimbo yekuita nyambo. Asi ndicho chokwadi. Handina dzidzo yakanaka. Ndiyo nzira chete yandinogona kutaura shoko rangu, ndoziva kuti, maziva zvandiri kutaura nezvazvo. Maona? Zvino, ichokwadi. Havaizoatenga marokwe iwayo.

201 Humwe husiku papuratifomu, mumwe mudzimai wechiIndia mudiki akauya ipapo. Ndaida kumukwazisa ruoko rwake rwudiki. Kumusoro kuchechi yaHama Groomer, kana chero kwakwaive. Aive nerokwe serinopfekwa naamai vangu. Ndakafunga, "Zvinoka, ngauropafadzwe moyo wako, mudzimai." Zvino Ishe vakamupodza ipapo chaipo, asati atombosvika kwandiri. Iye. . .Maona? Ndakafunga, "Ini—ini—ini regai ndingoramba zvangu ndakanyarara." Maona? "Ndongomirira kusvikira nguva yacho yauya, imwe nguva." Maona? Uye hapo pazvaiva.

202 Zvino, hawaigona kutengesa madhirezi iwayo. Unogona kuatengesera kumuIndia, uye kwete vakawanda vavo. Vari kungorasawo hunhu sezviri vamwe vese. Mune zvirongwa zvepaterevhizheni zvakawandisa. Uye vana venyu vachienda, uye vamwe vevadzidzisi vechikoro vechimanjemanje ava, vachena, vachipinda, nezvimwe zvose izvi zvisina maturo. Maizenge muri nani, muri kumashure uko sezvaive zvakaita Sitting Bull nevamwe, kare- kare.

203 MuAfrica, patakanga tine rudzi rwechitema ikoko, vanoitei? Vakaenda ikoko, mamishinari iwayo, vari kuverenga, vachinyora, nemasvomhu. Kana iye. . .Handiti, ivo, vanoziva zvakanyanya pamusoro pehunhu, mumarudzi avo, kupfuura zvaungamboita, hungambofa hwakagonekwa neChikristu kuunza kwavari. Ndizvozvo. Kana chero mumwe vevakadzi ivavo kunze uko, kana iye ari werudzi rwechiZulu, kana akamirira kusvika pane rimwe zera rekuti aroorwe, uye asina, mumwe munhu asina kumutora kuti ave mudzimai wake, anofanira kubva ipapo. Haachisiri werudzi irworwo. Kwete, changamire. Uye kana aroorwa, anoongororwa humhandara hwake. Uye kana akawanikwa aine mhosva, anofanira kutaura murume akazviita, uye vose vanourayiwa, pamwe chete.

204 Pangava nekuuraya kwakawanda pano kana taiva nemhando yehurongwa hwakadaro. Hamufungi here? Ndizvozvo. Vaaisazova nevanoviga vafi vakakwana kuti vavige varume nevakadzi. Zvirokwazvo. "Asi makafa, zvakadaro, uye

hamuzvizive." Saka ndiro dambudziko racho. Maona? Asi zvino, zvakanyanya, ndizvozvo.

205 Zvino unoita sei? Vanoenda navo ikoko vovadzidzisa chikoro. Zvino unovawana vari mumugwagwa. Vane zvivi zvavo zverudzi, zvavaiva nazvo; zvino vochipinda, votora zvivi zvemuchena; zvino vanobva vava vana vegehena zvakapetwa ka 10 pane zvavaive pakutanga. Chavanoda chete ndiKristu kuti vagare vari pavari. Ndizvozvo.

206 Ndizvo zvacho nemaIndia edu emuAmerica. Kana paine wandinonzwira tsitsi, munyika ino, muIndia iyeye. Chokwadi havana kubatwa zvakanaka panyaya yacho! Handisi . . . Ndingoriwo munhu mumwe, asi ndinomira navo. Hongu, changamire. Kana Ishe vakazondidana kuti ndichibva muminda yekuvhangera yekushanda sezvizvi, kana Mharidzo yangu yapera, Vondiita kuti ndirarame nguva yakati rebei, ndiri kuenda kumaIndia. Hongu, changamire. Hongu, changamire. Ini zvangu!

207 Tinoona zvaizoita Amosi paakadanidzira. Hurongwa hwedu hwese hwaizopomerwa. Zvirokwazvo kwete . . .

208 Hurumende haigone kuvakira (chitaurwa changu chiya) padombo, apo nyika yavhotera jecha.

209 Ungavakira sei chechi yako paDombo? Muparidzi angambomira sei papurupiti oparidza Dombo, uye ozvivakira pahwaro hweVhangeri yakazara, apo ungano yake, vamwe vevanhu vake kunze uko, vachizomudzinga? Zvino, ndinopomera muparidzi nekusava nehushingi, uye neMweya waMwari, wokungovhara musuwo, woti, "Wanai mumwe munhu anomira pazvinhu zvakadaro zvino kwete ini." Ndi—ndinoyemura muparidzi angadaro.

210 Asi nhamo kune ungano iyoyo kana munhu akazodzwa waMwari akaedza kuvaunzira Shoko, uye vobva varega kufambirana naRo. Ndizvozvo. Ko achava sei nechechi ine zvipo zvose 9 zviri kushanda mairi, nezvimwe zvakadaro, uyezve, ivo nevakadaro, uye nechechi isingambo—isingamborarami zvakadzikama uye zvine hunhu, vasingadzidzi maABC avo eVhangeri? Wobva wati, "Kana dai ndaiva nemuparidzi ari nani!" Handiti, imhosva yako. Ndizvozvo.

211 Imhosva yenyika yedu, vemuAmerica vedu, kuti takauya kuno kuti tiwane rusununguko rwekunamata. Kubva kune chii? Zvino tinonyatsodzokera, uye toisa muguta redu guru chinhu chacho chaicho chatakauyira kuno kuzosunungurwa kubva kwachiri.

212 Nyika ino yakangofanana neIsraeri zvakanyanya. Ivo, Israeri, vakapinda muParestina, vakadzinga vagari ndokutora nyika. Chekutanga, vaive nevamwe varume vakanaka—vakanaka, pamusoro pavo. Vaiva naDhavhidha, naSoromoni, nevarume vakuru. Pakupedzisira, mushure mechinguva,

vakaramba vachivhotera, uye vachisundira mukati, uye vachisarudza, kusvikira vawana Ahabhu zasi uko, akaroora muhedheni. Zvino, Ahabhu akanga ari munhu akanaka kwazvo. Yake. . . Oo, iye—iye aida kuita zvakanaka, asi akatadza kuita zvakanaka, nokuda kwemukadzi wake iyeye.

213 Zvino, handina chandinopesana nemurume wandanga ndichitaura nezvake maminetsi mashoma apfuura. Anogona kunge ari munhu akanaka. Asi hurongwa ihwohwo hwechipfeve ichocho shure kwake, hunomonyorora mutsipa wake. Ndicho chinhu chiri kuzozviita. Hwakapinda nyore-nyore sezvahunogona, saizvozvo, hwowisira chinhu chacho chose pasi.

214 Maiziva here kuti tiri—tiri zvino. . . Chikwereti chedu chenyika chikuru kwazvo, kusvika tave kubhadhara pamari yekukwereta, kubva pamitero yatichawana makore 14 kubva nhasi. Chii chichaitika kana hurongwa uhwu hwaparara?

215 Castro, chokwadi, ndinopesana naye. Iye mucommunisti. Ndizvozvo. Ndinopesana naye. Asi akaita chinhu chakanaka paakashandura mari ndokudzosera goridhe, ndokutenga mari yemapepa ndokudzosera goridhe.

216 Tichatofanira kuzviita izvozvo, kana kuti pane chinhu chimwe chete chakatarisana nesu, kureva kuti, kereke yeKatorike ndiyo ine hupfumi hwenyika. Ine mari. Ine goridhe, rekutenga mari yedu yemapepa zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Uye munofunga kuti vatengesi vehwiski ava, nevatengesi vefodya, nevanhu vakuru venyika havazotengesi here, kuti vasarasikirwa nemabhizimu avo ose nekugadzira mari yekunyepedzera? Vachanodzokera votora mari iyoyo kubva kuchechi yeKatorike, zvino inobva yatengeswa. Ndizvozvo. Bhaibheri haritauri here izvozvo, "Pfuma yenyika"? Handisi wezvematongerwo enyika, kana munhu akangwara, asi ndinotenda Ishe kuti ndinoVaziva. Uye ndizvozvo. Ipapo ndipo paichave iri, ipapo chaipo. Itarisei. Tarisai muone kana izvozvo zvisiri izvo. Chete. . . Ndinovimba kuti isu tose tinorarama kuti tizvione, uye handifungi kuti tichafanira kurarama kwenguva yakarebesa.

217 Asi muchaita sei? Tichavaka sei chechi? Tichavaka sei nyika? Tichavaka sei nyika pane izvi zvino? Tichaitei nezvazvo?

218 Pamwe zviri nani ndinyarare zvangu, ndiende kune imwe nzvimbo. Asi, munoziva, ndataura zvakakwana kusvika maziva zvandiri kutaura nezvazvo. Maona? Munoziva zvandiri kureva.

219 Tarisai zvatinoda. Imi, munoona zvamunoda? Ndizvo zvamunowana. Ndizvo zvishuwo zvenyu.

220 Tarisai zvirongwa zvedu zvepaterevhizheni nhasi, zvisina kupepetwa. Zvaisimbove kuti, zvaive zvakaipa kuvana vedu, taisavabvumira kuenda zasi mugu—guta uye vonoona mabhaisikopo, ma—mabhaisikopo. Asi zvino dhiyabhore akazvishandura chaizvo ndo—ndokuzviita terevhizheni, ndokuiisa muimba imwe neimwe.

221 Zvino zvingave zvakanaka, terevhizheni yakanaka, kana une chinhu chakanaka pairi. Zvirokwazvo, itori.

222 Asi unoita sei? Iri kuramba ichiora nguva nenguva, vachishandisa zita raMwari, kutukirira, kutuka, vakadzi vasina kusimira, zviito zvehunzenza, zvinosvibisa pfungwa dzevana ava, kusvikira tarera boka remipengo, ndizvozvo, ndururani. Ichokwadi chaicho. Wochitongotarisana zvazvo.

223 Nyika yedu yose yave kushanduka kuva kuboka rendururani. Chero mukomana upi zvake anofamba nemidhebhe yake yakarembera muhudyu, uye nemusoro wakarembera kumashure, uye nevhudzi rake rakarembera muhuro make sebhibho yaMai Kennedy, uye achingombeya saizvozvo, semupengo, zvino wobva wadaidza izvozvo kuti ndicho chiAmerica? Wawa kubva panyasha. Tendeuka uye udzokere kuna Mwari, kana kuti uchaparara. Ndicho chikonzero, ti—tinoda kuisa mumwe munhu imo muno anotitendera kuita chero chii zvacho chatinoda. Ndizvozvo.

224 Ndizvo zvakaitawo makereke. Vanoda kusarudza mufundisi, kwete mufundisi anomira ipapo oparidza nesimba Vhangeri kwavari. Asi vanoda mumwe munhu anovatendera kuti vazvambarare vakapfeka nhumbi dzekutuhwinisa, uye votamba njori mukamuri yepazasi, uye vorarama nechero nzira yavanoda, zvirongwa zvepaterevhizheni zveredhiyo isina kupepetwa, zvakaipa uye zvine tsvina, kubatanidza chechi nenyika pamwe chete.

225 Ndosaka Amosi aizodanidzira achipikisa zvinhu izvozvo. Munofunga kuti vanhu vaizomugamuchira here ivo vachivhotera chinhu chacho chichipinda?

226 Kana mufundisi akaparidza kwemaminetsi anopfuura 20, bhodhi rematirastii rinomudaidza mukamuri uye voti, "Tarirai pano, mufundisi. Isu—isu hatina kukuunzai pano kuti muite chimwe chinhu chakadaro. Tine chirongwa chemaminetsi 20. Kana iwayo apera, chibvai mamira."

227 Chaanofanira kuita kudzinga boka iroro rematirastii kunze kwemusuwo, otora Bhaibheri oparidza husiku hwese, sezvakaita Pauro, uye akaona rumuko rweakanga afa. Ndizvozvo. Vakamubuditsa kunze kwechivakwa; kona yemugwagwa yakanaka. "Mwari vanogona kubva pamatombo aya . . . "

228 Terevhizheni, mabhaisikopo asina kupepeptwa, ane tsvina, akasviba, uye ova muenzaniso. Tarisai vana vedu vadiki nhasi. Tarisai vanasikana vedu. Onai vana vadiki-diki vachibva kuchikoro, vasingapfuuri makore 6, 7, 8, vachibatidza fodya. Sei zvakadaro? Amai vavo pamberi pavo zvichida vakazviita. Kana vasina kuzviita, saka ndevamwe vevana vavari kuwadzana navo. Tarisa kuti vana vako vanotamba naani. Ndizvozvo. Pano imwe . . .

229 Imwe nguva yapfuura, mudzimai wangu anozviziva, taive takagara patafura. Zvino Joseph wangu mudiki akataura shoko raizoita kuti mutyairi wechikepe akadhakwa azvinyarire. Ndakacheuka. Ndikati, “Chii ichocho?” Uye amai vacho vakaita sevachafenda. Kakomana kacho kaitoratidzika kuti hakana mhosva.

230 Akati, “Chii nhai, baba?” Uye misodzi mikuru iri mumaziso ake.

231 Ndakati, “Usambofa wakataura chinhu chakadaro.” Haana kuziva kuti zvairevei. Ndakatozoona kuti, vana vekuchikoro vaishandisa shoko rakasviba iroro. Ndikati, “Mudikani, nderadhiyabhore.”

232 Munoona, hezvoka izvo, vana venyu. Zvangosvika panzvimbo, hama, kusvika zvangove matakanana, kuungana kwakadaro kwechivi. Oo, ini zvangu! Zvirongwa zvepaterevhizheni, vanoda zvivi, vanoda mafaro! Oo, ini zvangu!

233 “Maminetsi 20 akareba zvakakwana. Ndinotofanira kuona firimu repakati pehusiku.” Maona? “Kurumidzai mubvise izvi pano. Ndinofanira kuzviita.” Maona? Vaita chitendero chavo. Vaenda zasi ikoko, uye zvatokwana.

234 Asi, ndinokuudzai, murume kana mudzimai chaiye akaberekwa neMweya waMwari achagara nguva nenguva, achinwa muShoko raMwari. Kwete izvozvo zvoga, asi kana rarova ipapo, rinosungirirwa pahoko uye roshandura hupenyu. Ameni. Hongu.

235 Zvishuwo zvevanhu vedu. Hurongwa hwedu hwese hwashatiswa uye hwaora. Ndizvo zvinodiwa nevanhu vedu.

236 Ukatora murume akanaka, toti, semurume akanaka, womuisa mumhuri ine boka revanoda mafaro, vachaita kuti murume iyeye ararame hupenyu hwakashata; kana kuti, mudzimai akanaka, chero mumwe wavo, wovaisa mumhuri yevanhu vanoita zvese-zvese. Handiti, mhuri yose inofanira kuzvipira kuna Mwari. Ibasa redu kunamata, kusvikira vana vedu vaponeswa, tochengetedza imba yedu iri muhurongwa. Hongu.

237 Takangoda kuita sezvakaitwa neIsraeri, iyo yakaita chibvumirano nevavengi vayo. Kutanga, vaifanira kubva paShoko vasati vaita izvozvo. Uye zvinongoratidza kuti America yave kure zvakadini neShoko.

238 Unoziva, iwe—iwe unofanira kuti urambe chokwadi usati watenda nhema. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Evha akatotanga aramba Shoko raMwari asati atora nhema dzaSatani. Vakatozobva paShoko munguva iyoyo, zvimwe chete nazvino, kurega Rome ichitora hutongi pasina bara

rambopfura. Havazivi Shoko raMwari pamusoro pezvinhu izvi. Ndizvo zviri dambudziko racho.

239 Tinoda kusimuka kwemuporofita wechokwadi, atidzosere kuShoko. Ndizvozvo. Takavimbiswa mumwe. Takavimbiswa iyeye. Hongu, zvechokwadi. Maraki 4 akati aizovapo. "Uye aizodzoreredza Kutenda kwevanhu kuchidzokera kumadzibaba epentekosti aye zvakare."

240 Amosi aiziva kuti vadikani veIsraeri vasina humwari vaizoiparadza rimwe zuva. Zvino regai nditaure izvi neruremekedzo. Ndizvowo nemutendiwo nhasi anoziva kuti nyika, vadikani vasina humwari veAmerica ino, vachaiparadza. Kuda kwenyu zvematongerwo enyika! Ndichangoita izvozvo kuti zvinyatsopinde kwechinguvana. Ndizvo zvichaparadza nyika. Uye kuda kwenyu nyika, uye musingauye neShoko nekuedza kuita izvo zvinova zvakanaka, zvichaparadza chechi. Ndizvozvo chaizvo. Ndinovimba kuti zvanzwikwa. Chechi yakanga yaMusiya, yasiya Shoko raKe reHupenyu. Nyika yose inogumburwa pariri, sechigumbuso. Vanoita zvimwe chete nhasi. Hongu. Kana dai Amosi aive pano, aizodanidzira achipikisa hurongwa hwese.

241 Zvino, mukuvhara, ndinoda kutaura izvi, mundima 8. Nyatsoteererai. Akati, "Kana shumba yaomba, ndiani angarega kutya kana shumba yaomba?"

242 Zvino ndakavhima shumba. Shumba ndiyo mambo wemhuka. MuAfrica ndakarara kunze uko mumagwenga iwayo, nguva dzehusiku, pasi pehuswa huya hudiki, kana kuti yaiva minzwa.

243 Shumba inosvetuka pamberi chaipo pepfuti iri kupfura. Haityi izvozvo, asi haiswederi pedyo nemunzwa. Makanzwa ngano. Asi, ichokwadi, shumba haiswederi pedyo nemunzwa. Vakavaka matumba eminzwa saizvozvo, uye shumba haisvetukire pairi. Zvikasadaro, yaizogona kusvika, ichipinda mukati.

244 Billy neni. Ndinorangarira takarara kunze ikoko humwe husiku, ndikanzwa muromo wayo mukuru wakare uchiswedera-swedera, pedyo *sezvizvi* kubva paive nemusoro wangu, munoona, asi iyo—iyo yaisasvika pedyo. Gumbo rayo guru rekare, rakada *kudai*, richitenderera-tenderera panzvimbo ipapo.

245 Uye unogona kunzwa zvese kubva kumapere, bere rinoseka, bere rinochema, uye—uye iwo—iwo anozhwinya. Uye—uye unonzwa makudo, tsoko, ne—netwiza, nenzou nekurira kwadzo kukuru uye kuti "wiii." Unogona kudzinzwa kwemamaira. Netumbuyu nezvipembenene zvemarudzi ese zvichiita ruzha rwazvo. Asi ingorega shumba ingoomba neche kure uko, kunyange zvipembenene zvinorega kurira. Dzinoteerera. Sei? Ndimambo wadzo. Dzinoiteerera.

246 Bhaibheri rakati, "Kana Mwari . . . Kana shumba yaomba, ndiani angarega kutya? Uye kana Mwari vataura, tingarega sei kuporofita?" Tingarega sei kuti tidaro? Kana Mwari vataura, muporofita anodanidzira Shoko rataurwa. Uye kana Riri Shoko raMwari . . .

247 Uye Shumba yaomba; zvipembenene, zvose, zvinonyarara, nokuti zvinotya. Mambo wazvo—wazvo—wazvo ari—ari kutaura. Zvine pfu—pfungwa dzakakwana, hushingi, uye nerukudzo rwakakwana, kukudza mambo wazvo kana achitaura.

248 Saka, Mwari vanotaura neShoko raVo, uye regai chisikwa chose chezvisikwa zvaVo chiteerere. Vari kutaura mumazuva ano okupedzisira. Vari kuburitsa Shoko raVo. Uye regai zvisikwa zvese zviri muHumambo hwaVo zviteerere kune zvaVari kutaura. Mirai. Ongororai. Vari kuomba zvino, vachiomba neShoko raVo rakasimbiswa. Vari kuZvizivisa. PaVanoomba mumazuva ano ekupedzisira, ngatiteererei, uye tigoziva kuti pane chimwe chinhu chiri kuda kuitika, tichiziva kuti Mwari havamboiti izvozvo vasina kutanga Vaomba. PaVanoomba, ipapo chimwe chinhu chinobva chatevera kuomba ikoko, hongu, nokuti Vari kuuya zvino.

249 Akati, "Ko iyo—iyo . . . Ko iyo shumba inoomba pasina chikonzero here? Mwana weshumba angachema, kubva mubako, asati atora chinhu here?" Maona?

250 Mwari vane chikonzero chokuomba, nokuti Vanoziva kuti kutongwa kwave pedyo. Uye, Shoko raVo, Shoko raVo muporofita. Iye atori. "*Ichi* chiporofita chaJesu Kristu." Chizaruro, Mwari vachiZvizarura kwatiri kuburikidza neShoko raVo rakanyorwa. Uye iVo iShoko. Uye, zvino, *iri* ndiro Shoko raVo. Hapana chinogona kuwedzerwa kwaRiri kana kubviswa kwaRiri, asi Rinofanira kuraramwa nokutwasanudzwa sezvaRingori. Hatitofaniri, kubvisa chero chinhu kubva kwaRiri kana kuwedzera chimwe chinhu kwaRiri. Mwari vachiri Mwari. Vari kuomba.

251 Akati, "Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava pakuuya kwoMwanakomana womunhu. Vaidya, vachinwa, vachiroora, vachiroodza, hunzenza."

252 "Uye sezvazvakanga zviri mumazuva aRoti," Akauya pachaKe ari mumutumbi wenyama, uye akaZvisimbisa kuvapo kuna Abrahama. Akati, "Ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu." Tarisirai zvinhu izvi. Zviedza zvemadekwana zviri kupenya.

253 Oo, dai taiva naAmosi pano nhasi, tomurega aombe, aizoputitsira pasi hurongwa hwedu netsika dzedu, uye Shoko raMwari raizotasva nekukunda.

Ngatinamatei.

254 Baba vari Kudenga, taurai zvakare. Ombai, Ishe, noMweya Mutsvene. Ndiwo Muporofita wenguva. Ndiwo Muporofita wezuva rino, uchiedza kuwana nzira yaWo mumwoyo yevarume nevakadzi, kuti Ugone kutaura Chokwadi. Ndinofara kwazvo kuti Uri kuwana vamwe. Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Uwane vazhinji muno manheru ano, kuti Ugone kushandisa mumwe munhu agadzirira kuremekedza. Pavanonzwa kuomba kwaMwari samasimba kuchienda neShoko raVo, kutongwa kwave pedyo.

255 Kana shumba yaomba, iri kuuya. Chisikwa chose—chose chinoziva kuti zviri nani chihwande, nokuti mambo ari kufamba achiuya.

256 Mwari, tine nzvimbo imwe chete yakachengeteka, kana Mambo wemadzimambo aomba, ndiro Ropa raJesu Kristu. Tine nzvimbo yechengetedzo. Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Muzotaura kumoyo manheru ano. Uye movaita kuti vazive kuti vari kurarama mumimvuri yeKuuya kwaKristu, apo marudzi ari kupamuka, uye zvinhu zviri kuitika, pane zvazviri. Uye, zvakadaro, mutsitsi dzeNyu huru. . .

257 Takatadza zvakanyanya, zvinoita sekunge Maizofuratira musana weNyu kwatiri, uye motirega tichienda. Asi, zvakadaro, sezvaMaiva kumashure uko muEdheni, Munogadzira nzira yokupukunyuka nayo. Makagadzirira Noa nzira yokupukunyuka nayo. Makagadzirira Mosesi imwe, uye naDhanieri, vana vechiHebheru. Imi, Muri kugara muchigadzira nzira. Uye avo vanoIwana, vanofamba muChiedza chaMwari uye vova neHupenyu. Avo vanoIramba, vanopihwa mhosva uye vanoraswa.

258 Ndinonamata, Baba voKudenga, pasazova nemumwe weavo vari muno manheru ano, anoraswa. Dai vakanzwa zvinotapira kuomba kwaMwari, Mweya Mutsvene uchitaura pakadzika mumoyo yavo, uye uchiti, "NdiNi. Musatya. NdiNi." Nekuti tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

259 Ndichambomisa kudana vanhu kuartari kwemaminetsi angaita 10. Ndati nonokei zvishoma. Asi ndinotenda kuti Billy akapa makadhi ekunamatirwa husiku hushoma hwakapfuura, kana zvimwewo, kumusoro kwaHama Groomer. Uye ndinofunga akanga achiapa manheru akapfuura. Handina kumboadana. Handi. . .Ndinofunga kuti aagovera zvakare manheru ano. Handizivi kuti azviita here kana kuti kwete, asi ngatishevedzei mamwe emakadhi iwayo. Hama Groomer vari pano here? Groomer? Kwete, kwete. Groomer. Vari pano here? Takatangira papi? Kutangira kubva panhamba. . .Hatina here kutangira kubva panhamba 1, kumusoro uko?

260 Husiku hwapfuura, takanga tisina makadhi ekunamatirwa. Isu. . .Mweya Mutsvene wakabva wangoenda uchipinda nemuungano ndokudaidza vanhu. Munozvifarira here? [Ungano

inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ndinodaro, zvakare. Uye kuparidza zvakaomarara sezvizvi, ndizvo pamwe ndiri kuzengurira pazviri.

261 Ndi—ndikapa vanhu kadhi rekunamatirwa, ndinosungirwa kunamatira munhu iyeye. Ndizvo zvoga. Kana tikasava kunzvera kupi zvako, zvakanaka. Asi ndinosungirwa kunamatira munhu wacho. Mwanakomana wangu akapa kadhi rekunamatirwa, ndi—ndinofanira kunamatira munhu iyeye. Ndizvo zvoga. Saka, ndi—ndinonzwa saizvozvo. Ndichazviita, Mwari vachindibatsira. Ndisati ndabva munyika muno, ndicha—ndichaita izvozvo.

262 Zvino, hatigone kutora nguva yakarebesa. Ngationei, takatanga kubva pana 1 kusvika pana 25, ndinotenda kuti zvaive izvo, husiku huya. Hongu, 1 kusvika 25. Ini. . .Hama Groomer, muri pano here? Hama Groomer? Handinyatsoritaura nemazvo. Asi ndinofunga kuti ndizvozvo. 1. . .

263 Zvakanaka, ngatitangirei pane imwewo nzvimbo manheru ano. Ngatitangirei, ngatitangirei pana 75, zvino, kusvika 100. Ndiani ane kadhi rekunamatirwa nhamba 75, simudza ruoko rwako. Ngationei kana. . .Zvino, ndizvozvo. Zvakanaka. Ndizvozvo, huyai kumusoro kuno, amai. 75, 74, 70-. . .75 chete. Zvino 76, 77, 78, 79, 80, 81, 82, 83, 84, 85, 86, 87, 88, zvichienda kusvika kuna100. Regai vauye kuno. Billy Paul ari kupi? Ndiregerereiwo. Zvakanaka. Endai, dzikai zasi uko. Regai mamwe maasha avabatsire kusvikira vapinda mumutsara wekunamatirwa.

264 Zvino, vamwe imi mose, tarirai kwandiri kwechinguvana. Hongu. MunoMuda here? Ngatiimbei zvinyoro-nyoro, zvinotapira, kwechinguvana, apo vamwe venyu imi hama maasha muchidzikako. Oo, maita zvenyu. Vavatora, zasi uko, kuti ivo. . .Kuti mitsara isazovhengane-vhengane. Ndinoda kunamatira vanhu ava. Zvino, mangwana, zvichida tinenge tichinamatira vanorwara zvimwe chetezvo, uye zvichingoenda zvakadaro, kusvikira konivhenisheni yatanga. Uye ini. . .

265 Pamwe Hama Roberts vanogona kuva nemutsara wekunamatira kumusoro uko, zvakare, kumusoro ku—kunzvimbo. Ndanga ndichifunga kuti pamwe tiri vaviri tive nemumwe pamwe chete, mumwe kune rimwe divi, uye mumwe kune rimwe racho. Asi ini—ini handizivi kuti vangazvida here kana kuti kwete. Handisati ndataura navo, uye regai nditaure navo kutanga, munoona. Hama Oral ihama yakanaka, muranda chaiye waKristu. Uye vangave vatozvininipisa kuti vazviite, asi ndinoita sekuvenga kuzvikanda imomo nemurume akadaro, munoona. Saka pamwe regai ndingozvisiye zvakadaro. Zvino, kana vakandiudza, kana vakandikumbira kuti, "Hama Branham, huyai mundibatsire," ndinga—ndingafara kuita izvozvo. Asi, zvino, vakazvininipisa uye ihama inotapira

zvikuru. Uye kana vakandikumbira kuti ndizviite, ini, hongu, ndaizozviita. Asi ndinoda kuti vandikumbire, kutanga, munoona. Zviri nani ndisataure chinhu nezvazvo. Musazvitaure kwavari, zvino. Ingoregai—regai vandikumbire, ndobva ndaziva kuti zvakanaka. Maona?

266 Asi zvino—zvino tava kuzoona. Vangani vanotora... Zvakanaka, zvino, ngationei. Makadhi ekunamatirwa mangani ari muchivakwa? Ngationei maoko enyu. Oo, kune mamwezve akati wandei, zvichida mamwe 50. 40, mamwezve 50, zvichida. Oo, hongu, zvichida mamwezve 30. Zvakanaka. Zvino tichawana—tichawana...

267 Tichavatora. Zvino tiri...Ingobata kadhi rako, kana usina kudanwa. Munoona, nguva dzave10:10, uye ndi—ndinoda kuti muve kuSunday school mangwanani. Uye pamwe mangwana, tiine shumiro 2, tinogona kupedza potse makadhi ese atinawo zvino, uye tobva—tobva tatanga nematsva neMuvhuro zvakare.

268 Tiri kupi neMuvhuro manheru? Oo, tiri zasi, toti, kuTucson. Musakanganwe kuuya zasi kuTucson zvino, kukonivhenisheni zasi ikoko. Pane munhu here anobva kuTucson? Hongu. Chokwadi. Nzvimbo yebindu repasi rose, zvirokwazvo, unofanira kunge uchibva ikoko. Hama Carl Williams vachandibata nokuda kwaizvozvo, mamwe amazuva ano. Pandakatanga kuuya kuno, akanga ari maguta anokwikwidzana, uye ndinoona kuti achiri.

269 Ndazvijaira izvozvo. Timu yedu yebhora, baseball, kana basketball yekumba, maguta iwayo anokwikwidzana, Jeffersonville neNew Albany, oo, ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu! Fiyuu! Hakuna nehusiku hwekuti kunenge kusina kurwisana kwakawanda zvikuru, kana vaine mutambo, zvino handizivi kwazvingambove.

270 Vanogara vari pazviri, ndinoziva, muTucson. Asi Phoenix yakura kudarika Tucson kakawanda, ndinotenda kudaro, nekuti ini...Tucson, handifungi kuti iri chikamu chimwe kubva mune zvitatu pakukura kwakaita Phoenix. Asi...

271 Tiri kuenda zasi ikoko, nokuti vane vanhu vakanaka, vatsvene zasi ikoko, ndine chokwadi. Kwese kwandakaenda pasi rose, kusvika mumasango eAfrica, ndichiri kuvawana. Oo, ini zvangu! Ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa kuti mudzimai wangu auye kuno ozokuimbirai rwiyo rwuya humwe husiku, "Vanobva kuMabvazuva nekuMadokero, vachibva kunyika dziri kure." Zvino, anosimuka overevedza kubuda panze pandataura izvozvo.

272 Saka, anotya Hama Rose kunge achafa. Hama Rose vakati, "Hanzvadzi Branham vari pano. Tichavaita kuti vauye kumusoro kuno, vataure mashoko mashoma."

273 Akati, "Mwoyo wangu wakapotsa kurova kuda ka 15." Akati, "Ndakatsikitsira musoro wangu pasi." Akati, "Bill, kana

vari chero kupi zvako mumusangano," akati, "zvechokwadi ndichahwanda." Anonyara zvakanyanya. Saka, ndi—ndi—ndichaudzwa zvangu pandinosvika kumba.

274 Ndinovimba kuti imi mose vechidiki. . .ndinotaura izvi, kwete nekuti ari pano. Munozviziva, nevose vanomuziva. Ndinovimba kuti murume wese wechidiki ari muchivakwa chino, kana aroora mudzimai wake, wekuti anotapira kwaari, uye muri kufara pamwe chete, semudzimai wangu neni zvatanga tiri makore aya. Kana paine kukudzwa kunofanira kupihwa kumhuri yekwaBranham, ngakuende kwaari. Ndiye mambokadzi. Zvamazvirokwazvo ari. Chimwe chinhu, ndiamai chaivo. Uye zvino tarisai zvaanofanira kutsungirira nazvo, munoona, uyezve, zvinoka, munga—mungashamisika kuti chii ichocho. Handiti, vanhu vari pamusuwo, masikati nehusiku. Uye anomira pakati pangu neruzhinji, munoona, ndipo ipapo, kumba. Saka ibasa rakaoma chaizvo.

275 Zvino Billy Paul mudiki, wandinofunga nezvake, nguva zhinji, ndaimutakura kwese-kwese, pakafa amai vake, achingori kamwana kadiki. Chiremba Adair vaiwanzoti, "Uri munhu asinganzwisisike." Zvino ndainge ndiri zasi munzira, ndakamutakura, naiye achichemera amai vake, uye kuchitonhora, munoziva, ini ndakamusimudza papfudzi rangu, se*zvizvi*.

276 Uye ndakanga ndisina mari yakakwana yekuchengeta rake. . .kana kumuwanira bhodhoro chairo. Ndaimupa bhodhoro reKokokora raive nechititi pamusoro paro. Ndairiisa mukati *umu*, ndorichengeta muhapwa mangu, kurichengeta richidziya. Aibva atanga kuchema zvakanyanyisa, ndaibva ndasveverera, ndoisa chititi ichocho mumuromo make. Ndomuita kuti anwe kwechinguva, ndodzosera bhodhoro zasi mukati *umu*. Zvino ndaive ndine mukaka pese-pese pandiri, nezvose, munoziva.

277 Ndaive ndakamubata, ndichingoenda hangu, munoziva, ndichienda naye. Nguva yehusiku, ini zvangu, ini zvangu, ndaiedza kwazvo kumurezva kuti akotsire, uye ndotsvaga mumwe munhu anouya kuzomutarisa pandaienda kunonamatira vanorwara. Takabva kure-kure tese. Ndinovimba kuti Vachatichengeta takadaro.

278 Ndakamuona nezuro, akatakura mwanakomana wake mudiki. Uye ndakafunga, "Billy, aiva iwe, nguva pfupi yakapfuura." Zvino, ndiyo nzira yatinofanira kuita nayo, kubuda munzira, uye topa vamwe mukana. Zita raJehovha ngarirumbidzwe.

279 "Kana shumba yaomba, munoona, ndiani angarega kutya?" "Uye kutya Mwari ndiwo mavambo ehuchenjeri." Ndizvo here? Ndizvo zvakataurwa nemurume muchenjeri. "Kutya Mwari."

280 Zvino, ndinoda imi vanhu vari mumutsara wekunamatirwa, makamira apo, imi mose munoziva kuti hapana chandinoziva pamusoro penyu, simudzai maoko enyu. Mumwe nemumwe. Ishe veKudenga vakanaka vari Mutongi wangu; sekuziva kwangu muhupenyu hwangu, handisati ndamboona mumwe wavo muhupenyu hwangu. Zvichida vakandiona, nekuda kwekugara muungano.

281 Zvino, vangani kunze uko muungano, vanoziva kuti handina kana chinhu chimwe chete chandinoziva pamusoro pako? Asi, zvakadaro, uri kurwara, uye unotenda kuti, Mwari, unogona kubata mupendero wenguwo yaVo, uye Mwari vangataura neni kuti ndikudane, sezvaVakaita kumudzimai, semudzimai wepamavambo? Oo, ini zvangu! Ndosaka ndaparidza kwenguva yakareba kudaro. Ungano yakadaro, ine mhando yekutenda kwakadaro, kunofanira kuzviita.

282 Ndiye mudzimai wacho here uyu? Zvino, heunoi mudzimai. Tinosangana manheru ano sevatorwa, uye zvino akamira pano. Hongu, zvichida ari kurwara, kana kuti angave aine rimwewo dambudziko.

283 Munoona, Mwari vanoita zvimwe zvinhu kunze kwekupodza vanorwara, munoziva. Uye saka . . . Uye Vakavimbisa kuzadzisa zvese zvatinoshuva, zvatinoshuva, dzimwe nguva kwete zvatinoda, asi zvatinoshuva. Zvino ndinoda kuti mungofunga, imwe zvino, pamunoenda kumba, ndokunge kana musati mamboiverenga, verengai Mutsvene Johane 4, uye—uye moona zvino. Zvino, pano, zvino, handicharangariri . . .

284 Regai nditaure izvi. Ndinotenda, shumiro ino, ndiyo yokuti Vachanditora kuenda neni kumusha kana kuzoisimudzira. Ya—yasvika chaiko kunguva ino yekupedzisira. Kana kuti, vachanditumira mhiri kwemakungwa kana kumwe kwavasati vamboInzwa. Maona? Pane chiri kuda kuitika. Ingorangarirai.

285 Uye, teererai, handisi mutengesi wematepi. Asi ndine hama yakanaka pano iri kutora matepi aya, zvino ndiVaMaguire. Ndinotenda kuti ndiJames Maguire. Uye natezvara vavo—vavo, Hama Sothmann kumashure uko, vane matepi aya. Ndingadaro, kana chero ani wenyu aine tepi rekodha . . . Handisi kuzotaura chinhu pamusoro pawo zvino, nokuti hapana chandinoziva nezvawo. Asi kana wakambotenga tepi kwavari, tengai tepi iya, *Madzichangamire, Inguvai?* Iteererei, *Madzichangamire, Inguvai?* Iridzei muchinamata, zvino munobva matanga kundinamatira. Maona? Kana imi . . . Nokuti, muchaona zvino kuti chinhano chakawomarara zvakadii—zvakadii chandimire machiri ipo pano manheru ano. Tichitaura nezvechinhano chakawomarara, dai maiziva henyu zvandanga ndakamira, pazviri iko zvino, ipo pano! Maona? Asi ndinofanira kupfuurira mberi. Mukundi haambokande mapfumo pasi, uye anokanda mapfumo pasi haambokundi.

Ndizvozvo. Ndinofanira kuita zvandaparidza. Maona? Zvino, ndinotenda Mwari. NdinoVatenda iko zvino.

286 Zvino, pano zviri pane hwaro. Zvino, dai ini—dai ini ndaiva Ishe Jesu vedu vamire pano, uye mudzimai uyu achirwara, munoziva handaikwanisa kumupodza kana ndaive Ishe Jesu. Handaikwanisa kuzviita, nokuti ndakatozviita kare. Zvino, vangani vanoziva kuti ichokwadi? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Maona? Zvirokwazvo.

287 Vakatoregerera zvivi zvese. Vakatopodza munhu wese anorwara. Vakatogovera Ropa iroro paKarivhari. Mutengo wakatobhadharwa kare. Zvose zvakabhadharwa. Asi chinhu choga chaunofanira kuita kuRigamuchira, kuRitenda nokuRigamuchira. Uye haukwanise kuRigamuchira kusvikira waRitenda. Maona? Kutenda Vhangeri.

288 Zvino, ko kana dai Vaive vakamira pano, vakapfeka sutu iyi Ishe vakanaka vakaita kuti Hama neHanzvadzi Williams vanditengere, makore 5 kana 6 akapfuura? Zvino ko kana dai vanga Vakamirira pano sutu iyoyo, vakapfeka sutu iyi, uye mudzimai uyu akamira pano?

289 Zvino, kana dai Vaiva nemavanga muruoko rwaVo, Vaizoti, "Unoona, ndiNi Mesiya. Ini . . . Waona mavanga? Tarisa pahuma yaNgu." Zvino, chero munyengeri upi zvake anogona kuzviita. Ndizvozvo. HatingaMuziva naizvozvo. Uye kana dai Aive akamira pano saizvozvo, ndaizoziva kuti aive asiri Iye. Ndaiziva kuti handiye.

290 Nokuti, paVanouya, hwamanda icharira. Ticha . . . Havatozombouyi panyika. Tichabvutwa muchadenga, kuti tisangane naYe. Maona? Tinosangana naYe muchadenga. "Isu vapenyu uye vakasara tichabvutwa pamwe chete navo, kunosangana naShe muchadenga." Havambouyi panyika. Tinosangana naVo muchadenga.

291 Asi zvino, Vakati, "Ndichava nemi, kusvikira kumagumo enyika. Handifi ndakakusiyai kana kukurambai." Ko Vangave sei? Hupenyu hwaVo. Zvino, kana Hupenyu hwaVo huri mandiri, zvino ndinenge ndichiVamiririra. Zvino, kana zvaizodaro, hunenge huri Hupenyu humwe chete hwaiva maAri, hwaizoita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita.

292 Zvino, heunoi murume nemudzimai, saMutsvene Johane 4. Akasangana nemudzimai. Haana kumbobvira akamuona kumashure. Mudzimai akanga asati amboMuona. Zvino hapo vakamira, pamwe chete. Zvino Akamuudza, mudzimai patsime, kuti dambudziko rake raiva rei. Zvino paAkaita izvozvo, akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri—Muri muporofita." Iye akati, "Asi tinoziva kuti Mesiya, kana Azouya, Anonzi *Kristu,* zvinoreva kuti, 'Muzodziwa'; kana Azouya, Ari kuzoita zvinhu izvi, otiudza zvinhu izvi."

Uye Akati, "Ndini Iye, anotaura newe."

293 Zvino, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; kunze, kwemutumbi wepanyama. . .Anoshandisa mutumbi wedu. "Ndiye dzinde. Isu tiri mapazi." Zvino, Mweya iwoyo waibva waita zvakare chaizvo zvaWakaita paWakanga uri maAri. Ndizvo here? Zvingakuita kuti utende here? Itai, "Ameni," kana zvichizodaro. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

294 Zvino, amai, ini ndisingakuzivei, handina kumbokuonai muhupenyu hwangu, sezvandinoziva. Hongu, zvimwe makandiona mumugwagwa kana mumisangano, nezvimwe zvakadaro. Asi ino ndiyo nguva yedu yekutanga kusangana.

295 Zvino, kana—kana kuri kupodzwa kwamunoda, zvakanaka, ini, kana ndaikwanisa kuzviita, ndaizozviita, uye kana dai ndaiva neimwe nzira. Uye kana iri mari, kana nda—ndaigona kubatsira, ndaizozviita. Uye kana mukati, anogona kunge ari mumwe munhu, maizoti, "Ndauya pano, Hama Branham, kuti munamatire—munamatire mwanakomana wangu, kana mwanasikana wangu, kana sisi vangu, kana baba," kana mumwe munhu. Ndaizozviita izvozvo, munoona, chero chipi chandaikwanisa.

296 Uye—uye kana manga muine dambudziko remumba, ndaizoti, "Ndinoda kusangana nemi nemurume wenyu, pamwe chete, ndotaura nemi pane imwe nzvimbo pasiri pano, munoona, kuti nditaure nemi muri vaviri ndoona chaipo pane dambudziko racho." Zvino, kana Mweya Mutsvene wazarura, ndoti, "Mirai zvishoma. Makaita *izvi* pano apa pane imwe nguva *iyi*." Zvinobva zvagadzirisa nyaya yacho. Haugone kuzviramba. Maona? Ndoti, "Makaita *izvi* neche apa." Zvino, zvobva zvagadziriswa, munoona. Zvino, munotangira kubva ipapo chaipo. Maona? Nenzira iyoyo, zvatoitwa.

297 Zvino, munoziva kuti ndiri kutaura nemi nokuda kwechimwe chinangwa. Ndanga ndichiparidza. Maona? Uye zvino ndiri—ndiri kungozvipinza mu—muchizoro chechimwe chinhu, munoona, kuona kana Mweya Mutsvene uchauya kuzoshanda pandiri nechipo chaMwari; ndiko kuti, hana 2 dziri pamwe chete chaipo, izvo zvinondipa nyasha dzaMwari kuona zviratidzo, nekuona zviri kuitika, zvichaitika, zvakambovepo.

298 Unozoziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Wakamira pano pamberi pevanhu vanosvika 500, munoona, kana pedyo nayo, 300, zvakadaro. Maona? Uye—uye munoziva kuti zvi—zvi. . .Munoziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Uye—uye kana chiri chokwadi, saka ndiMwari. Bhaibheri rakati, "Kana aripo mumwe pakati penyu, ari wemweya kana muporofita, uye zvaanotaura zvikaitika, zvino munzwei." Maona? Zvino, "Kana zvikasadaro, saka musamunzwa."

299 Zvino, handizivi kuti mudzimai uyu auyira chii. Asi zvino ingoregai Mweya Mutsvene uuye, muone kana Ukasazvitaura.

Maona? Uye kana izvozvo zvisiri zvimwe chete izvo Ishe vedu vakaita! Ndizvo zvoga zvaAigona kuita kana Akamira ipo pano, nokuti, rangarirai, ndiYe. NdiYe. Handisi ini. Handivazive. Ndiri kupupura, kuti handivazive. Saka, zvaizotorera Iye.

Zvino, chokwadika, mudzimai ane manzwiro akanaka kumweya wake.

300 Kwete nekuti asimudza ruoko rwake. Imi mose makanga muri mumisangano, uye mukavaona vachisimudza maoko avo, vachiita sa*izvozvo,* uye Mweya Mutsvene wobva wadzoka wovaudza zvavaiva. Maona? Ndizvozvo. Izvozvo hazvireve chii zvacho. Wovanzwa vachizhambatata nekudanidzira; ipapo chaipo, wovaudza ipapo chaipo kuti, "Uri kugara nemukadzi wemurume *uyu,*" ndazviona ipo *pano,* nezvimwe zvose. Zvino, munoziva. Makambenge muri mumisangano uye mukaona kuti zvinhu izvozvo, uye mukaona kuti zvinhu izvozvo, hazvina zvazvinoreva.

301 Asi mudzimai uyu anoita seane manzwiro akanaka kumweya wake. Zvino, mudzimai uyu ari kutambudzika nechimwe chinhu chisina kumira zvakanaka. Ndakamutarisa, madyiro aari kuita. Ari pamberi pangu zvino, patafura, uye ari kuita seanodya chikafu chishoma kana zvimwewo, chakaita sechimwe chikafu chisinganyatsonzwisisiki. Ndizvozvo. Ichokwadi here? [Hanzvadzi inoti, "Ndizvozvo."—Mupepeti] Zvino simudzai ruoko rwenyu kuti vanhu varwuone. Maona? Ndaona mudzimai ari pamberi pangu, achiita chimwe chinhu. Chero zvazvanga zviri, zviri patepi. Maona? Zvakanaka. Zvino, kungoti muzive chikonzero kuti sei . . . Munhu akanaka.

302 Tarisai kwechinguvana. Zvino Mweya wava kuzodza. Zvino, munhu wose ngaagare achiremekedza. Rambai muchinamata. Ivai mumunamato, nokuti ndaUona uchifamba napamusoro peungano iye zvino. Maona? Zvino nyatsoremekedzai.

303 Ngationei mudzimai uyu zvakare, kuti tingotaura naye. Chero zvaAkuudzai . . . Hongu. Hezvinoi izvi. Patafura. I— idambudziko remudumbu. Uye zvimwe zvakaita seutachiona kana chimwe chinhu chiri mudumbu. Mumwe chiremba anga achitarisa izvi. Uye, nhai, manga muine dambudziko iri kwenguva yakareba. Uye, imwe nguva, rakanzi, "Chironda chemudumbu, chikanyuka." Uye zvino ataura chimwe chinhu. Changa chiri chii ichocho? "Kunotangira hura hudiki. Kunotangira hura hudiki. Kunotangira hura hudiki," ndamunzwa achitaura izvozvo. Maona? Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Zita renyu ndiMuzvare McCraw. Ndizvozvo. Endai zvenyu zvino, tendai nomwoyo wenyu wose.

Munotenda here?

304 Mushure mokuchema zvakadaro, mugere kumashure uko, changamire, mapapu akakomoka amuinawo anofanira kunge

ava kunzwa zviri nani pari zvino, kana mukatenda. Zvanaka zvino. Zvakanaka, zvazvigadzirisa. Ameni.

Chii chaabata?

305 Murume, vangangova 2 kumashure kwake, ane tsinga dziri kuomarara, kana muchitendawo zvakare, changamire!

306 Chii chaabata? Hamusi kuona here Chiedza icho chakarembera apo chaipo? Tarisai icho cheAmber *apo*. Handimuzivi murume uyu, handina kumbomuona muhupenyu hwangu. Ingotendai Ishe Jesu.

307 Zvino, pane imwe nzvimbo, pane mwana mucheche pano, mucheche ane mutsipa wakamonyana. *Hoyoka* uyo. Handivazivi. Tendai, hanzvadzi. Mutsipa wemwana iyeye uchatwasuka, kana mukazvitenda.

Chii chavabata? Hareruya.

308 Pane chimwezve chinhu pamusoro pemutsipa. Ndachiona. Mudzimai. Handisi kukwanisa kumunanganidza. Hongu. Agere apa, achichema. Mai Riley, tendai kuna Ishe Jesu Kristu, mutsipa wenyu uchapora. Tendai.

309 Handizive mudzimai iyeye. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Chinhu choga chaunofanira kuita kutenda Jesu Kristu. Munozvitenda here? Ivai nokutenda.

310 Handikuzivei, changamire. Tiri vatorwa kune mumwe nemumwe, sekuziva kwangu. Munotenda here kuti Jesu Kristu anogona kundiudza kuti dambudziko renyu chii? Munoziva kana zvingave zviri izvo kana kuti kwete, handiti here? Kana muchigona kutenda nemoyo wenyu wese zvino! Chinoramba chichienda kuungano. Munotenda here kuti mudzimai wenyu ari kunze uko achapora, zvakare? [Hama inoti, "Hongu."—Mupepeti] Dambudziko remaziso, ane dambudziko remaziso. Munozvitenda here? Hamubvi kuno. Kwete. Munobva uko kune mvura yakawanda, neimwe nzira. Iguta rekumahombekombe egungwa. ICalifornia, Los Angeles. Dzokerai zvenyu, VaBowman, mupore. Uye Jesu Kristu achakupodzai.

311 Munotenda here? Zvino, imi, munhu wose anogona kupodzwa iko zvino kana mukazvitenda. Munozvitenda here?

312 Ko imi muri mumutsara wekunamatirwa, munozvitendawo here, zvakare? Ingovai nekutenda, uye musapokane. Tendai nomwoyo wenyu wose, kwechinguvana.

313 Mudzimai uyu, chikonzero chandamirira paari, ari muchinhano chine njodzi. Mudzimai uyu achafa nenguva isipi kana akasaitirwa chimwe chinhu, nekuti akafukidzwa nemumvuri. Muri kuona here mumvuri wakasviba pamusoro pake?

314 Nhai, munoziva, tine mumvuri werufu iwoyo pamusoro pevanhu, wakatorwa nekamera yemifananidzo, sezvakangoitwa Mutumwa waJehovha? Tinawo wakarembera muchechi medu; chinhu chikuru kwazvo, chinoratidzika kuva chitema, sedutu, chakarembera pamusoro pemudzimai. Vakamuudza kuti asatore mufananidzo. Mweya Mutsvene ndokuti, "Tora izvozvi." Zvino vakatora mufananidzo, uye hapo pachaive. Maona? Mativi maviri, pano. Chakarembera ipapo chaipo.

315 Imi vanhu vekutabhenakeri, vamwe venyu vacho, vari pano, Hama Fred nevamwe, hechino chinhu chimwe chete chiya chakarembera pamusoro pemudzimai uyu.

316 Ane kenza, ndizvozvo, dundira. Ndizvozvo. Ndizvo here? Simudzai ruoko rwenyu kana chiri chokwadi. Maona? Zvino rima raenda, ndisina chandataura. Munoona, kutenda kwavo chete, ndiko kwazviita. Endai, muchitenda. Ameni. Ameni. Musazvipokane. Chingoendai munotenda nemoyo wenyu wese.

317 Dambudziko remoyo rinouraya vanhu vazhinji, asi harizokuurayai kana mukatenda. Ameni. Ingoendai, muchiti, "Ndinotenda Ishe." Endai mundopora. Zvakanaka.

318 Dhiyabhore angada kukuitai kuti muve nearthritis iyi hupenyu hwenyu hwese. Asi kana mukatenda nomwoyo wenyu wose, Jesu Kristu achakupodzai. Munozvitenda here? Endai nenzira yenyu, muchitenda Mwari.

319 Munotenda nemoyo wenyu wese here? Munogona kuenda kunodya chikafu chenyu chemanheru, uye dambudziko remudumbu iroro richakusiyai. Ingoendai uye muti, "Ishe ngavarumbidzwe!" Endai, muMutende nomwoyo wenyu wose.

320 Manga muine, zvakare, dambudziko remudumbu. Tendai nemwoyo wenyu wose, moenda, uye Jesu Kristu achakupodzai. Zvakanaka.

321 Chii chamuri kunyanya kutya kudaro? Mununetseka nekuhuta-huta. Kwatopotsa kwakuderedzai, potse nekuparara kwehutano, Satani achikunyeperai. Asi zvapera zvino. Mununditenda here? Endai, munoti, "Ishe ngavarumbidzwe!"

322 Ishe Jesu, ndinonamata kuti Mupodze hanzvadzi yedu nekuipa hutano, muZita raJesu. Ameni.

323 Huyai, muchitenda, hanzvadzi. MuZita raJesu Kristu, ndinoisa maoko angu pamusoro pavo kuti vapodzwe.

324 Huyai, hama yangu. MuZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko angu pamusoro pehama kuti vapodzwe. Ameni.

325 Vangani vane mwoyo unotenda, uri pasi peruoko rwuchasimuka? Zvino isa ruoko irworwo pane mumwe munhu ari parutivi pako. Iwe iti, "Amosi aizotaura izvozvo here?" Zvirokwazvo aizodaro. Ndiro Shoko raShe. Iwe simudza ruoko rwako, iwe tenda.

326 Jesu akati, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara . . ." Haana kana kumbotaura kuti vaizovanamatira. Akati, "Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, ruoko chete rwakaturikwa pamusoro pavo, vachapora."

Ngatinamatei.

327 Ishe Jesu, Mambo vaomba neInzwi raVo, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora." Ishe Mwari, dhimoni rose ngaririfdze mhere. Hurwere hwese ngahuende. Dhiyabhore ngaakundwe, uye vana vaMwari vabude muchivakwa chino manheru ano mukukunda nesimba rerumuko rwaJesu Kristu.

328 Zvitende. Ndizvozvo. Ingogara chaizvo nazvo. Iti, ingoisa, ramba wakaisa ruoko rwako pane mumwe munhu, uchiti "Ishe, vapodzei." Ndinoda kuti iwe unamate. Ndanamata. Ndinoda kuti iwe unamatire mumwe munhu. Uri—uri . . . Uri Mukristu sezvandiri. Tese tiri Makristu. Zvino iwe namatira mumwe munhu. Vari kukunamatira.

329 Zvino, ungada zvakadini kuti mumwe munhu akunamatire? Vanamatire sezvaungade kuti mumwe munhu akunamatire. "Itirawo vamwe, zvaungada kuti vamwe vakuitirewo." Namata chaizvo, iva wakaperera, sezvaungada kuti vakunamatire.

330 "Uye munamato wekutenda uchaponesa vanorwara. Mwari vachavamutsa. Uye kana vanga vaine kusatenda kupi zvako, kuchabviswa kubva kwavari." Sei? "Mambo anoomba. Ndiani angarega kuporofita? Ndiani angarega kupupura kana Mambo aomba?" Shoko raVo rinoti, "Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi."

Hama Fuller, huyai. Mwari vakuropafadzei.

63-0119 Nzira YeMuporofita Wechokwadi
Faith Temple
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org